

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Ringkesaning Cariyos ing *Novel Katresnan kang Angker Anggitanipun Suparta Brata*

Novel Katresnan kang Angker anggitanipun Suparto Brata menika nyariosaken gesangipun Meineni. Meineni utawi Neni nyimpen raos tresna kaliyan Abimanyu, sinaosa sikapipun Abimanyu marang Neni nuduhake raos tresna ugi ananging Abimanyu babarblas boten nate ngendika tresna marang Neni.

Neni gadhah kanca raket asmanipun Tanti Meikaratri, Tanti dereng dangu palakrama kaliyan Tamardikin. Tanti kaliyan Tamardikin bibar wangsul saking Jogja, nuweni tiyang sepuhipun Tamardikin. Saking Jogja Tanti kaliyan Tamardikin paring kabar ingkang boten sae, inggih menika Tanti kaliyan Tamardikin mangertos Abimanyu wonten sawijining hotel kaliyan kenya ingkang miturut ngendikanipun bulikipun Tamardikin, kenya kasebut kenya kang mboten sae, kenya bayaran. Mila Tanti mawanti-wanti kaliyan Meineni supados ngatos-atos anggenipun pilih sisihaning gesang, sampun ngantos klentu anggenipun milih.

Neni tansaya boten yakin kaliyan Abimanyu, menapa malih Pitarta, kancanipun Meineni, ingkang duweni raos tresna kaliyan Meineni menika ugi tepang kaliyan Abimanyu, piyambakipun ugi ngandharaken bilih Abimanyu menika rumiyin nate kepincut kaliyan kenya duluripun tunggal kelas asmanipun Reti, abimanyu gandrung wuyung nganti sekolahipun kether ananging Reti mboten maelu. Reti matur bilih piyambakipun tasih dereng ucul saking tiyang sepuhipun, lan karepe tasih badhe

nglajengaken sekolah amargi Reti tasih kepingin dados dokter. Miturut Pitarta, Abimanyu menika sakniki tiyang bubrah, wong lecekan, piyambakipun boten saged malih nampi katresnan ingkang murni, amargi tresnanipun sampun kapasrahaken kaliyan Reti lan mboten wonten ingkang saged nggantos Reti. Umpami piyambakipun ngaturaken tresna kaliyan tiyang sanes, menika namung katresnan tilas. Mireng pangandikanipun Pitarta, dipuntambah kabar saking Tanti lan Tamardikin, manahipun Neni tansah jempalikan. Batinipun pecah dados kalih, sepalih ngrewangi katrangan saking mitra-mitranipun, sepalihipun mantep nuhoni batinipun ingkang lawas. Sasampunipun wonten pawarta maneka warna babagan Abimanyu menika, Abimanyu dados mboten nate ketinggal malih, wonten kabar bilih Abimanyu kesah wonten luar negeri.

Sawijining dinten, wonten polisi ingkang dhateng wonten dalemipun Neni, paring kabar bilih wonten sedherekipun ingkang kacilakan. Neni tasih bingung mboten saged mbedhek sinten ingkang kacilakan. Dumugi ing griya sakit, Neni kaget jebul ingkang kacilakan Tanti, kanca raketipun ingkang sampun kados sedherek. Pungkasanipun Tanti seda ing kacilakan menika, ananging nalika kritis Tanti gadah panyuwunan supados Neni lan Tamardikin saged manunggal, Neni kaliyan Tamardikin namung saged nindakaken amanat ingkang pungkasan saking Tanti sinaosa kekalihipun sami-sami boten wonten raos tresna.

Sasampunipun Neni lan Tamardikin palakrama, lajeng mondhok wonten griya alit celak dalemipun Pitarta. Pitarta ugi ingkang madosaken pondhokan kasebut. Amargi celak mila Neni menawi wonten menapa-menapa nyuwun tulung kaliyan

Pitarta, mekaten ugi Pitarta. Kados nalika Ratniah sowan lan nangis-nangis wonten dalemipun Pitarta amargi ditundhung kaliyan tiyang sepuhipun amargi ngandhut tigang wulan, Pitarta lajeng mlayu wonten dalemipun Neni, nyuwun tulung ngeneng-ngenengi Ratniah, ananging Neni matur bilih ingkang saged ngedemaken bocah wadon menika wau nggih namung tiyang jaler ingkang lila ngurbanaken kersa krama kaliyan Ratniah, amargi namung menika ingkang saged nutup wirangipun. Mireng menapa ngendikanipun Neni, pungkasanipun Pitarta kersa nutup wirangipun Ratniah kanthi nikahi Ratniah.

Dereng kedadosan mantenipun Pitarta kaliyan Ratniah, nalika Neni nembe wonten dalem piyambak, Abimanyu dugi wonten pondhokan. Duginipun Abimanyu menika badhe ngandharaken menapa ingkang dipunraosaken Abimanyu wiwit rumiyin dumugi sakmenika. Abimanyu ngendika bilih piyambakipun tresna kaliyan Neni, ngertos bilih Abimanyu uga tresna kaliyan Neni, Neni ngraos gela, getun, kenging menapa rumiyin Tanti kacilakan, lan njodohaken kaliyan Tamardikin, raos-raosipun Meineni pingin ngambali malih gesangipun. Sasampunipun Abimanyu ngandharaken sedaya raos manahipun, Abimanyu nyuwun pamit kaliyan Neni bilih piyambakipun badhe kesah tebih lan mboten bakalan kepanggih malih.

Saungkure Abimanyu, nalika Neni ngukuti tilas suguhanipun Abimanyu, Neni ngertos tiyang jaler mlampah ing plataran, jebul Pitarta, “wis tak lunasi jiwane, Yu. Aku weruh opel kapitan ing pucuk gang, lan aku ngreti sapa sing numpaki. Dakcegat, dakenteni nganggo glathi ing tangan. Tangan iki. Kebeneran mulihe bengi. Dheweke dakpateni Yu Neni, ben ora ndedawa gawe dosa ana ing ndonya.” aturipun Pitarta.

Neni kaget, bilih Pitarta sampun mejahi Abimanyu amargi mboten kepingin Neni dipunrisak Abimanyu, kejawi menika Pitarta ugi jengkel kaliyan Abimanyu amargi mboten kersa tanggel jawab babagan ngandhutipun Ratniah, jebul bapak saking jabang bayi kang dipunkandhut Ratniah menika Abimanyu, Neni tansaya kaget ngertos bab menika. Pungkasanipun Pitarta nampi paukuman, Neni dipuntitipi njagi jabang bayi ingkang dipunkandhut Ratniah.

Sasampunipun kedadosan Pitarta ingkang mejahi Abimanyu kasebut, Tamardikin ngajak Meineni kangge mbucal raos tresna kaliyan tiyang sanes, Neni mbucal raos tresna kaliyan Abimanyu, Tamardikin mbucal raos tresna kaliyan Tanti, sakmenika ingkang wonten namung Meineni kaliyan Tamardikin, mboten wonten tiyang sanes, botensah ngangge tresna kang thethek bengek, tresna kang angker, gawat, ngemu dosa, namung ngruntuhaken bebrayan ndonya.

B. Asiling Panaliten

Asiling panaliten menika arupi dheskripsi jinising representasi katresnan wonten ing novel Katresnan Kang Agker anggitanipun Suparta Brata. Jinis representasi katresnan ingkang wonten ing novel inggih menika *tresna paseduluran*, *tresnaning ibu*, *tresna erotis* kaliyan *tresna dhiri pribadhi*. Wonten ing novel kasebut mboten dipunpangguhaken tresna dhumateng Tuhan. Nalika nemtokaken data, panaliti nggatosaken titikan jinis-jinis representasi katresnan. *Tresna paseduluran* titikanipun inggih menika mboten wonten *eksklusivitas*, ing tresna menika wonten raos manunggal kaliyan sedaya tiyang, lan raos *solidaritas* antawis tiyang. *Tresnaning Ibu*

titikanipun inggih menika tanpa pamrih, tanpa syarat, ngayomi sedaya, tansah maringi kaliyan ngurbanaken menapa kemawon kangge tiyang ingkang dipuntresnani. *Tresna erotis* titikanipun inggih menika wontenipun hasrat kangge manunggal kaliyan tiyang ingkang dipuntresnani, wontenipun raos *cemburu, eksklusifitas*, raos kepincut kaliyan tiyang sanes, raos lila, ugi raos percaya antawis setunggal lan sanesipun. *Tresna dhiri pribadhi* titikanipun inggih menika ngraosaken tresna kaliyan tiyang sanes, amargi piyambakipun saged tresna kaliyan objek ingkang paling celak inggih menika awakipun piyambak. Mila tresnanipun kaliyan tiyang sanes, gumantung kaliyan kados pundi tiyang menika nresnani piyambakipun. Asiling panaliten ngengingi *representasi* katresnan kadamel ing tabel 2.

Tabel 2. Asiling Panaliten *Representasi* Katresnan ing *Novel Katresnan kang Angker* Anggitanipun Suparta Brata

No	Klasifikasi	Indikator	Data	No Data
1	Tresna Paseduluran	a. Rila	<p>“Apa kudu dakjiyat kanthi tangis, Mas Tamar, supaya kowe gelem crita bab Abimanyu? Wis ta, apa wae elek-becik, kandhakna. Aku wis samekta ajang amba nampani sakabehing uneg-unegmu.”</p> <p>Sawise digagas maneh, dheweke banjur kandha,” gampang kanggoku, nanging bisa uga angel kanggomu. Nanging wong wis kokwenahi sangsi sadurunge, mula aku iki iya arep kandha. Yen kandhaku iki ora nocogi atimu kena kokbuwang, yen kok enggo lan kowe keduwung ing tembe mburi, ya aja nyalahake aku. Dene kandhaku iki nggawa begjamu ing tembe mburi, aku melu</p>	20

		<p>ucap sokur. Ngene, Neni. Manut pamawasku, Abimanyu iku wong kang seneng nyambutgawe, dadi wong mardika, lan dheweke wani lan kendhel berjuwang mbelani panggaweane. Temening gawe gampang nata siyasat. Sanajan uteke ora patia encer bab gladhen ngilmu, nanging taktike urip, lihay. Dheweke wong kang bisa nggolek suksese dhiri. Nanging yen sing kokkarepake Abimanyu kadidene priya pengarep-arep jodhone wanita, liya critaku. Dheweke seneng musik, seneng mubra-mubra, foya-foya, uga, nuwun sewu lho, seneng wong wadon. Wong sing kaya ngono ora apik didadekake bojo, ora kena digondheli kasetyane, tegese <i>bojo ideal</i> lho ya. Yen mung bojo-bojoan ya embuh. Wis, Nen, mung iku katranganku. Aku bisa crita luwih jlentreh, nanging dakkira tutuge kowe wis bisa mikir dhewe.”</p> <p>Aku sendhen ing kurisi. Nalika iku aku wis cepak-cepak kuping amba, dadi krungu critane Tamardikin kaya ngono iku, aku ora gronjalan. Aku bisa nampa kabeh kanthi esem. (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 63)</p>	
	b. Nrima	<p>Yu Neni, aku lagi sedhah. Kena apa, ta?”</p> <p>“Ah. Angger wong rene kok sedhah. Kena apa, ta?”</p> <p>“Aku ditolak mbaleni sekolah marga kelase wis kebak. Aku kasep ndaftarake.”</p> <p>“Wo, ora lulus ta, Dhik Pit ki, kok mbaleni?”</p> <p>“Ora lulus.”</p> <p>“Andekna biyen kae kok anggak-anggakan timen, nganti wani nraktir aku nonton pasar malem?”</p> <p>“Lha rumangsaku dhek samana jawaban ujianku ya bener tenan, kok. Hmm. Embuh iki piye tutuge.”</p> <p>“Wis, aja susah-susah, Dhik. Saiki nonton, yo! Aku kancanana. Iki aku duwe karcis nganggur. Karo dene kanthi mengkene</p>	8

		<p>traktirane Dhek Pit biyen dak saur. Ya? Nonton, ya? Pitarta nyawang aku. Mripate kerlip-kerlip ngandhut rasa seneng. “Tenan, kuwi? Lho iya ta, kok nganti ama karcis nganggur?” “Wis ta, mengko dakcritani. Ning aku njaluk numpak becak, lo, ya, sepedhahku ora ana lampune.” “Iya. Wah, pelipur lara tenan, kuwi! Larane kang ati!” (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 29-30)</p>	
	c. Sabar	<p>Aku maju ngethungake tanganku, kaya patrape wong nglulutake kewan galak. Weruh sikepku iku, Pitarta nyawang aku, mripate ora pandirangan maneh. Lerem. Ayup. Tanganku ditampani, digenggem kenceng banget. Daktoleh, wong ing mburiku wis ora ana. Aku ora kuwat. Aku banjur jengkeng ing ngarepe wong kang menthas mateni uwong, wong lanang kang butuh panentrem, panglipur. Dheweke dakrangkul, raine dakdhelikake ing dhadhaku ben ora weruh ruwet-berenge padhang donya. Ing kono aku rumangsa, yen wong iku satemene kang sugih banyu kasenangan urip kang dibutuhake. Bener, nalika iku dheweke ngungsekake raine ing dhadhaku, nanging satemene dheweke iku wong lanang kang bisa ngayomi aku lan pantes dakjaluki apa-apa. Aku wuta. Wis daksandhing pirang-pirang taun, wis dakrasa salawase dheweke sandhing, nanging lagi saiki dheweke daktemokake! (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 99).</p>	33
	d. Ethok-ethok	<p>“Kuwi karcis ngendi, ta?” Pitakonku nggugung atine Tamardikin. “Bioskop Wijaya.” “Yawis, kene, dak gentenane. Nanging rega ezet, ezet, lho ya?” “Kowe ki piye, ta, Nen? Dijak ora gelem saiki karcis arep kokgenteni?”</p>	6

		<p>“Dudu kanggo aku dhewe, kok. Kagem bapak karo ibu. Wingi padha arep mirsani nanging ora keduman karcis. Lha saiki tinimbang kowe gela wis kebacut tuku karcis ora kok enggo kanthi tentrem, kene dakgentenane, idhep-idhep nulungi bapak. Rak kepenak, ta, ngono? Kowe ora kelangan lan berjasa marang wong tuwaku.” (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 27)</p>	
	e. Pekewuh	<p>Aku lali tembung apa kang dakucapake marang Pitarta. Aku lali piye tingkahku nalika lunga nggeblas saka panggonan cilaka iku. Aku mung kelingan sawise metu saka gapurane pasar malem, mlaku ngoncog dikinthil Pitarta marani becak! Aku ngabani becak kanthi sora, banjur nyengklak lungguh ing becak.</p> <p>“ Apa salahku, ta, Yu? Apa salahe Reti? Piye ta, iki mau? Apa sebabe Yu Neni duka nyentak-nyentak aku? Aku nyuwun ngapura tenan, Yu, dene aku ora ngrewes marang Yu neni. Nanging satemene dakrewes, Yu. Aku ora duwe seja nyepelkake Yu Neni...!” mengkonon lan embuh piye maneh tuture Pitarta ngerih-erih aku nalika ana ing becak. (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 9)</p>	3
		<p>“Gumun aku. Wong disapa Kenya kaya ngana sulistyane kok tanggapanmu anyep wae! Nanging aku wis tau weruh Kenya kuwi mau kok, Dhik Pit. Tenan. Ana ngendi ya? Sekolah apa ta, dheweke?” “Yen dakkandhani blaka, Yu Neni mengko mesthi nesu.”</p> <p>“Aku? Nesu? Lha ngapa kok nesu?”</p> <p>“Tenan? Ora nesu?”</p> <p>“Mesthi kok ngono! Aku apa tau kandha ora tenan? Aku apa wis tau nesoni kowe ta, Dhik Pit?”</p> <p>“Yu Neni wis tau pirsane ana pasar malem!”</p> <p>“Oh! Anu, sik, sik, Reti jenenge, iya? O, kelingan aku. Kena apa aku mau ora kok elingake yen aku uga wis tepung?. Wah, kae</p>	9

			<p>mau mesthi nganggep aku anggak. Kowe mau Dhik Pit, ora gelem ngelingake. Gela aku!”</p> <p>“Aku kuatir Yu Neni terus ngambil, terus njaluk mulih tanpa prekara kaya dhek biyen kae. Dhek ana ing pasar malem kae.” (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 32)</p>	
			<p>“Lha kowe? Priye atimu? Tresna tenan marang dheweke?”</p> <p>Aku ora mangsuli. Ora wani nyawang Tanti. Lambeku sajak empuk yen digeget-geget nganggo untu.</p> <p>Tanti ngekep aku, krasa yen tingkahe nuhoni patrap memitran.</p> <p>“Nen, aku rak mitramu, ta ya?”</p> <p>“Kena apa ta, Entik, kowe kok neter takon prekara kuwi?”</p> <p>Aku durung wani mangsuli pitakonmu.”</p> <p>“Ra papa, Nen, ora papa. Namung sing ngati-ati. Sanajan kowe durung wani bengen kaya aku, nanging saiki kowe yaw is diwasa, malah wis nyambutgawe barang, wis akeh priya, ketarik marang sulistyamu. Sing ngati-ati nemoni priya, Nen. Sing njinggleng mawas priya sing kokpilih dadi sisihanmu. Ora angger priya seger njabane, seger jerothane.” (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 47)</p>	14
2.	Tresnaning Ibu	a. Sabar	<p>“Elinga Nen, welinge Ibu. Wong wadon iku, kudu tansah dandan Nenn, yen nemoni dhayoh. Menawa kowe isih legan, dandan iku ngajeni awakmu dhewe, yen kowe wis omah-omah, dandan iku ngajeni sing ngrengkuh kowe.”</p> <p>Kanthi nggondhok dakturuti kersane Ibu. Aku banjur metu. Ing gagasan ora nyalahke ibu babarpisan. Bantahan-bantahan sing dakucapake iku mau ya merga anyelku ngono wae. (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 44)</p>	13

		b. Isin	<p>“Neni! Galo kancamu teka! Yen arep nonton rak anggur karo pemudha ngana kae. Kok karo bapak! Ngendikane ibu.</p> <p>“Sapa, Bu, sing teka? Abimanyu ya?”</p> <p>Aku mlayu menyang ngarepan, disangoni ujar dening ibu,</p> <p>“Cah wis prawan ngono kok playon pencolotan! Bojone ki mbesuk sapa?! Mbok ya sing alus, geneya, ta?! Sing kaya putri ngono lho!” (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 29).</p>	7
			<p>“Neni!” panyentake ibu.</p> <p>“Ibu ki kena apa ta, Neni kok disentak wae?” pitakonku saya anyel.</p> <p>“Klambimu iku benikna dhisik, mbledeh ngono kuwi arep kok enggo metu? Ketok susumu! Wis prawan gedhe ngono mbok sik rada ngati-ati! Surup-surup ki mbok dandan sing resik! Turu wae! Adhike ora papa dichetoti!”</p> <p>“Ah Ibu ki! Wis emoh! Emoh! Aku emoh nemoni Dhik Pit!”</p> <p>“Ayo! Ayo, rak arep ngisin-isinke ibu! Nglakoni pakone ibu wae apa ta, Nen, rekasane? Kowe ki ngretia sithik wae, ta. Wis gedhe, saru yen dhadhane mbledeh konangan jaka!” (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 43)</p>	12
		c. Pekewuh	<p>“Tanganku piye, ewuh anggonku nyeleh,” ujare Abimanyu, tangane arep cak cek nyekel bangkekanku.</p> <p>Tangane banjur dalcandhaak ceg, terus dakpalangkerikke ing lempenge dheweke dhewe lan aku nerusake anggone mbenakake dhasi. Nalika iku ibuu mlebu kamar arep pirsang anggonku ndandani Abimanyu. Ing kono aku krasa oleh pengawasanipun ibu, rumangsa kayoman. Ing kono aku krasa kawicaksanane ibu. Piye-piyea kae tingkahe anak iku mesthi isih perlu diawat-awati wongtuwa, apa maneh anak kang lagi mabuk suka kaya aku iki</p>	11

			<p>mau! Tujokno tangane Abimanyu ra nganti nyekel bangkekanku, lan dak palangkerike marang lempenge dhewe. Upamane nganti nyekel bangkekanku, aku wis mesthi ilang kaprayitnanku, lan embuh maneh kepriye yen dikonangi sibu lagi kaya ngono kuwi! Tujokno! Slamet-slamet-slameeett! (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 40)</p>	
3.	Tresna <i>Erotis</i>	a. Rila	<p>“Buku sing panjenengan silih mau pira ta Mas regane?” “Wah, mung wong sugih thok sing bisa tuku, Neni. Aku mung bisa nyilih.” “Pira ta Mas?” “Patang atusan, ngono.” “Anu. Upama tuku ya ana?” “Ana. Saiki iki kesempatan lagi metu. Nanging piye wong dhuwite ora sempat. Dadi ya isih meksa begjane wong sugih bisa tuku buku mau.” “Celenganku isih ana, Mas.” Dheweke nyawang aku. Aku mesem, rogoh-rogoh kutang, banjur dakjereng dhuwit lembaran atusan lima. “Saka ngendi, Neni?” “Songketanku sing daktitipake Bu Mursinggih payu kabeh, Mas. Aku lali pira tukune bolahe, pira cacahé bolahe, nanging aku rumangsa seneng iki mau nampa dhuwit akeh. Aku ora ngira, lho, uwat-uwete tanganku bisa ngasilake kaya ngono. Saiki iki apa sing ora payu ya Mas, wong bolah diruwet-ruwet iya....!” (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 76)</p>	25
		b. Nrima	<p>Aku nyawang loket. Mak prepet, mripatku terus wae kepyur-kepyur. Ing loket, metu saka suk-sukane uwong lan uwet ngetung susuk, aku weruh Abimanyu! Abimanyu priya sing sasore bendhe dakenteni nggentheng-entheng ora teka, ndadak saiki ketemu ngeterake Kenya liya. O, kok apes timen awakku! Apes! (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 9)</p>	3

		<p>“O, kowe ngukur katresnan iku saka kono, Nen? Apa ukuran kuwi bener saka pribadhimu dhewe? Apa ukuran kuwi saiki isih kok cakake ing atimu? Aku percaya, kowe isih nduweni sipat adil, lan wani ninthingi kahananmu upama aku kandha, Aku ya ngreti apa sing dilakoni Tamardikin’. Nanging aku wong lanang, Nen, ora bakal nyiritakake wewadine wong lanang liya marang kowe, marang wong wadon. Wong lanang kang nyiritakake wadine kancane marang wong wadon dudu milike, iku wong lanang culika, wong lanang nistha. Apa maneh yen mbukake wadi kanthi pamrih wong wadone bakal dialap dhewe! Aku durung wani mbukak wadine kancaku, Nen. Maaf. Nanging wis samene wae, Nen. Sing perlu kowe saiki yakin tenan aku tresna marang kowe, uga dhek ana Kaliurang, uga dhek ana Hongkong. Aku tetep tresna marang kowe nganti saiki iki. Nanging aku lair ing donya ora ijen. Aku diwulang ngetrepake kasusilan. Aku ora kena budi sakarepku dhewe. Mula, Nen, ben katresnan iki langgeng kaya ngene, aku nandhang kecuwan kaya mangkene, ora susah diowahi wujud utawa trape. Ora susah!” <i>Katresnan kang Angker, (kaca 85-86)</i></p>	28
		<p>“Iki mau saka omahe Reti, aku enggal-enggal menyang omahmu, luwih banter playuku mreng tinimbang anggonku mara ing omahe Reti. Aku menyang nggone Reti mung perlu ngluwari ujar takon wangsulane marga iku dadi kewajibanku akibat saka ketrucut tembungku biyen. Aku teka mrana kaya rekening looper nagih dhuwit lengganan koran apa listrik. Nanging aku mlayu menyang panggonanmu kayadene priya selak ketemu kekasihe. Ibumu ngendika kowe wis kawin, wis duwe anak, lan alamatmu kene. Nalika mlebu ing plataran omah lojimu kana, aku iki wong urip</p>	29

		<p>kayungyun tresna, omahmu kaya taman kembang kang sarwa wangi, nalika metu saka omahmu kana aku iki mung badan wadhag kang dilakokake dening mesin.”</p> <p>Aku meneng wae. Atiku remuk. Gela, getun, eman. Ah, upama urip iki kena dibaleni, saiba enake! Upama Tanti biyen ora ketabrak motor! (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 86)</p>	
		<p>“Nen. Kabeh mau mratelake yen urip mawa katresnan iku angker, gawat, ngemu dosa, ora praktis, ngruntuhake bebrayan donya. Kaya ngono mau wujud. Kaya uripku lan uripmu iki conto rsaane. Mula saiki Neni, ayo padha diniyati mbuwang sakabehing tresna asmara. Ayo urip tanpa rerindhu kuwi. Kene urip sarana pengabdian, sarana kebaktian. Awake dhewe iki saiki, kudu urip bebrayan amrih rukune, amrih bisane nentremake masyarakat. Dhek mbiyen kene iki wong murka, marga urip nandhang katresnan. Kowe tresna marang Abi, marang Pitarta, aku tresna marang Tanti saiki diilangi kabeh. Anaku mung kowe, anamu mung aku. Ora susah nganggo tresna asmara thethek bengek!” (<i>Katresnan kang Angker</i>, kaca 101).</p>	36
	c. Sabar	<p>“Kowe kandha apa?”</p> <p>“Sing ngetengi Ratniah kuwi Abimanyu. Mrene ora mbaleni kedadean sing mbiyen kae, rak iya, Yu. Kowe ora nganti cucul klambi maneh, ta, iki mau?”</p> <p>“Aku ora ngreti apa omonganmu, Dhik Pit. Ora ngreti.”</p> <p>“Oh, aku tresna kowe, Yu. Tresna kowe. Aku emoh yen kowe ora suci! Aku emoh yen Abimanyu ngotori jiwa ragamu! Oh, oh, oh! Aku weruh dheweke mrene maneh! Kowe rak isih suci, ta, Yu? Oh, kowe kudu isih suci!”</p> <p>“Iya! Iya! Aku suci. Aku suci, Dhik. Aku tetep Yu Nenimu sing mbiyen kae!” aku ora kober mikir genah apa sing dakomongake.</p>	34

			Ngretiku Pitarta saiki lagi ruwet pikirane, kudu dilipur ditentremake. (<i>Katresnan kang Angker</i> , kaca 99)	
4.	Tresna Dhiri Pribadhi	a. Rila	Sawise pamitan wong mburi, aku budhal lunga karo Pitarta menyang pasar malem. Dakseneng-senengake atiku, supaya ora kelingan seriking ati. “Kelakon aku metu bengi iki nganggo klambi biru aing anyar!” sumaur aku ing batin. Klakon metu gek mlaku-mlaku ing pasar malem, gandhengan karo priya! Kurang seneng apa?! Sumber rada cemplang, nanging apa klirune? Sapa sing ngerti cemplange atiku? (<i>Katresnan kang Angker</i> , kaca 6)	1
		b. Ethok-ethok	Aku menyat ganti klambi. Satemene rada seneng aku sore iku lunga jaritan, gek anggonku jarikan ora nggekeng kaya yen perlu nyang pista. Aku salin klambi sutra kuning kembangane ijo. Gelunganku, rambut palsu, dakbenakake. Sandhalku dakganti klompen geulis, banjur njupuk rimong ijo tuwa. Wah, ora bisa mlaku aku, kudu kesrimpet wae. Nanging mongkoting ati natagake anggonku njangkah. (<i>Katresnan kang Angker</i> , kaca 38)	10
		c. Pekewuh	Aku mlayu mlebu ngomah. Menyang ngarep pengilon, mbenakake rambut, dakelus jungkatanku, pupuran, dandan. Ah, isih kurang apik. Jarit dakwudhari, ganti jarit apik. Kebaya dakuculi, ganti kebaya pameran. Ah, aku kudu ketok ayu! Kelingan welinge sibu, ‘Yen isih legan dandan, iku ngajeni awakmu dhewe, menawa kowe wis omah-omah, dandan iku ngajeni sing ngrengkuh kowe!’. (<i>Katresnan kang Angker</i> , kaca 81)	26

Miturut tabel asiling panaliten ing nginggil dipunpangguhaken representasi katresnan wonten ing novel *Katresnan Kang Agker* anggitanipun Suparta Brata saget dipunpendhet dudutan bilih jinising *representasi* katresnan wonten ing novel

Katresnan Kang Agker anggitanipun Suparta Brata kaperang dados 4 jinis inggih menika *tresna paseduluran, tresnaning ibu, tresna erotis* kaliyan *tresna dhiri pribadhi*. Jinising *representasi* katresnan wonten ing novel Katresnan Kang Agker anggitanipun Suparta Brata ingkang sampun kapanggihaken, badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

C. Pirembagan

Jinising *representasi* katresnan wonten ing novel Katresnan Kang Agker anggitanipun Suparta Brata kirang langkung ingkang sampun kacawisaken wonten ing tabel ing nginggil. Wonten ing pirembagan menika badhe kaandharaken jinising *representasi* katresnan wonten ing novel Katresnan Kang Agker anggitanipun Suparta Brata ingkang sampun dipunpanggihaken wonten sekawsan jinis *representasi* katresnan inggih menika *tresna paseduluran, tresnaning ibu, tresna erotis* kaliyan *tresna dhiri pribadhi*. Jinising *representasi* katresnan wonten ing novel Katresnan Kang Agker anggitanipun Suparta Brata badhe kaandharaken wonten ing pirembagan ing ngandhap.

1. Representasi Katresnan ing Novel Katresnan kang Angker Anggitanipun Suparta Brata

a. Tresna Paseduluran

Tresna paseduluran inggih menika tresna kang dados dasar sedaya katresnan, tresna menika dipunwujudaken kanthi raos tanggel jawab, nggatosaken, ngormati, piwulang kaliyan sesami, raos kangge majengaken gesangipun. Tresna paseduluran

inggih menika tresna kangge sesami tiyang, titikanipun mboten wonten eksklusivitas, ing tresna menika wonten raos manunggal kaliyan sedaya tiyang, lan raos solidaritas antawis tiyang. Tresna paseduluran dipunlandesi saking pangertosan bilih kita menika manunggal (Erich Fromm, 2018:69-70). Raos tresna paseduluran menika nuwuhaken kapribaden gesangipun tiyang Jawi, miturut data cinta persaudaraan nuwuhaken raos rila, sabar, ethok-ethok, lan pekewuh.

1.) Rila

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresna paseduluran ingkang ngandhut raos rila kapanggihaken wonten 6 data, wujud saking tresna paseduluran ingkang ngandhut raos rila kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- a) “Apa kudu dakjiyat kanthi tangis, Mas Tamar, supaya kowe gelem crita bab Abimanyu? Wis ta, apa wae elek-becik, kandhakna. Aku wis samekta ajang amba nampani sakabehing uneg-unegmu.”
Sawise digagas maneh, dheweke banjur kandha,” gampang kanggoku, nanging bisa uga angel kanggomu. Nanging wong wis kokwenehi sangsi sadurunge, mula aku iki iya arep kandha. Yen kandhaku iki ora nocogi atimu kena kokbuwang, yen kok enggo lan kowe keduwung ing tembe mburi, ya aja nyalahake aku. Dene kandhaku iki nggawa begjamu ing tembe mburi, aku melu ucap sokur. **Ngene, Neni. Manut pamawasku, Abimanyu iku wong kang seneng nyambutgawe, dadi wong mardika, lan dheweke wani lan kendhel berjuwang mbelani penggaweane. Temening gawe gampang nata siyasat. Sanajan uteke ora patia encer bab gladhen ngilmu, nanging taktike urip, lihay. Dheweke wong kang bisa nggolek suksese dhiri. Nanging yen sing kokkarepake Abimanyu kadidene priya pengarep-arep jodhone wanita, liya critaku. Dheweke seneng musik, seneng mubra-**

mubra, foya-foya, uga, nuwun sewu lho, seneng wong wadon. Wong sing kaya ngono ora apik didadekake bojo, ora kena digondheli kasetyane, tegese *bojo ideal* lho ya. Yen mung bojo-bojoan ya embuh. Wis, Nen, mung iku katranganku. Aku bisa crita luwih jlentreh, nanging dakkira tutuge kowe wis bisa mikir dhewe.”

Aku sendhen ing kurisi. Nalika iku aku wis cepak-cepak kuping amba, dadi krungu critane Tamardikin kaya ngono iku, aku ora gronjalan. Aku bisa nampa kabeh kanthi esem. (*Katresnan kang Angker*, kaca 63)

Perkawis menika kedadosan nalika Tamardikin dhateng wonten dalemipun Meineni kangge nyaguhi dhawuhipun Meineni. Ing ndalu menika, Meineni nyuwun supados Tamardikin cariyos menapa kemawon ingkang dipunmangertosi babagan Abimanyu. Meineni ugi kepengin mangertos kados pundi Tamardikin anggenipun mawas Abimanyu. Tamardikin blaka lan nyariyosaken sedaya ingkang dipunmangertosi. Titikan tresna paseduluran wonten ing tuturan inggih menika tembung “**Ngene, Neni. Manut pamawasku, Abimanyu iku wong kang seneng nyambutgawe, dadi wong mardika, lan dheweke wani lan kendhel berjuwang mbelani penggaweane. Temening gawe gampang nata siyasat. Sanajan uteke ora patia encer bab gladhen ngilmu, nanging taktike urip, lihay. Dheweke wong kang bisa nggolek suksese dhiri. Nanging yen sing kokkarepake Abimanyu kadidene priya pengarep-arep jodhone wanita, liya critaku. Dheweke seneng musik, seneng mubra-mubra, foya-foya, uga, nuwun sewu lho, seneng wong wadon. Wong sing kaya ngono ora apik didadekake bojo, ora kena digondheli kasetyane, tegese *bojo ideal* lho ya. Yen mung bojo-bojoan ya embuh. Wis, Nen, mung iku katranganku. Aku bisa crita luwih jlentreh, nanging dakkira tutuge kowe wis**

bisa mikir dhewe.” tetembungan Tamardikin menika tetembungan paring piwulang dhumateng sesami inggih menika paring piwulang kaliyan Meineni bilih menapa ingkang dipunaturaken Tamardikin menika ngandharaken sipatipun Abimanyu lan tiyang ingkang gadah sipat kados mekaten menika mboten sae menawi dipundadosaken sisihan ingkang *ideal*.

Sesambetan representasi katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika representasi katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika wontenipun konflik pameksan. Pameksan ingkang dipuntindakaken dening Meineni kaliyan Tamardikin inggih menika Meineni meksa supados Tamardikin kersa nyariyosaken sedaya ingkang dipunmangertosi Tamardikin babagan Abimanyu. Pungkasanipun Tamardikin blaka kaliyan Meineni. Tamardikin cariyos bilih Abimanyu menika remen foya-foya ugi remen tiyang setri, miturut Tamardikin tiyang ingkang kados mekaten mboten sae menawi dipundadosaken sisihan ingkang *ideal*. Meineni nampi kanthi esem menapa ingkang dipunngendikakaken Tamardikin.

Raos rila ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna paseduluran inggih menika amargi pameksan saking Neni pungkasanipun Tamardikin wantun cariyos sedaya watekipun Abimanyu tanpa mikir Abimanyu bakal duka, Tamardikin rila nampi sedaya *resiko* ingkang badhe kedadosan sasampunipun Tamardikin cariyos babagan Abimanyu. Rila ugi dipunraosaken dening paraga Meineni, amargi sasampunipun mirengaken cariyos babagan Abimanyu ingkang nggadahi solah bawa kirang sae menika Meineni nampi kanthi esem, kanthi legawa menapa ingkang dipunandharaken

dening Tamardikin. Meineni rila kaliyan sedaya ingkang sampun ginaris dhateng piyambakipun, bilih tiyang ingkang dipuntresnani menika kalebet tiyang ingkang salah bawanipun kirang sae, mila Meineni dados mangu-mangu kaliyan raos tresnanipun kaliyan Abimanyu badhe dipunlajengaken menapa mboten.

Saking data ing nginggil raos rila ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna paseduluran menika, kedadosan kaliyan kanca raketipun. Tiyang Jawi menika lila ngorbanaken menapa kemawon kangge kanca raketipun. Sinaosa menapa ingkang dipuntindakaken menika bakalan damel rugi awakipun piyambak. Amargi tiyang Jawi ingkang ngraosaken raos rila menika, kersa nampi resiko menapa kemawon supados saget mbiyantu kancanipun ugi kancanipun saget langkung sae pagesanganipun.

2.) Nrima

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresna paseduluran ingkang ngandhut raos nrima kapanggihaken wonten 1 data, wujud saking tresna paseduluran ingkang ngandhut raos nrima kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

b) Yu Neni, aku lagi sedhih. Kena apa, ta?"

"Ah. Angger wong rene kok sedhih. Kena apa, ta?"

"Aku ditolak mbaleni sekolah marga kelase wis kebak. Aku kasep ndaftarake."

"Wo, ora lulus ta, Dhik Pit ki, kok mbaleni?"

"Ora lulus."

"Andekna biyen kae kok enggak-anggakan timen, nganti wani nraktir aku nonton pasar malem?"

"Lha rumangsaku dhek samana jawaban ujianku ya bener tenan, kok. Hmm. Embuh iki piye tutuge."

“Wis,aja susah-susah, Dhik. Saiki nonton, yo! Aku kancanana. Iki aku duwe karcis nganggur. Karo dene kanthi mengkene traktirane Dhek Pit biyen dak saur. Ya? Nonton, ya?”

Pitarta nyawang aku. Mripate kerlip-kerlip ngandhut rasa seneng.

“Tenan, kuwi? Lho iya ta, kok nganti ama karcis nganggur?”

“Wis ta, mengko dakcritani. Ning aku njaluk numpak becak, lo, ya, sepedhahku ora ana lampune.”

“Iya. Wah, pelipur lara tenan, kuwi! Larane kang ati!” (*Katresnan kang Angker*, kaca 29-30)

Pethikan cariyos menika kadadosan nalika Pitarta sowan wonten dalemipun Meineni, Pitarta cariyos bilih piyambakipun mboten lulus kaliyan mboten katampi anggenipun ngambali sekolah amargi kelasipun sampun kebak. Ngertos kawontenan Pitarta ingkang nembe nandhang susah, Meineni nyobi nglipur Pitarta kanthi cara nraktir Pitarta mirsani bioskop, ndilalah Meineni gadah karcis bioskop nganggur saking nggentosi karcis Tamardikin ingkang mboten kaagem. Pethikan raos *cinta persaudaraan* ingkang kaandharaken wonten ing gineman **“Wis,aja susah-susah, Dhik. Saiki nonton, yo! Aku kancanana. Iki aku duwe karcis nganggur. Karo dene kanthi mengkene traktirane Dhek Pit biyen dak saur. Ya? Nonton, ya?”** arupi raos *solidaritas* ingkang dipuntindakaken Meineni kaliyan Tamardikin. Meineni ngajak Tamardikin mirasani bioskop kangge nglelipur Tamardikin ingkang nembe nandhang susah, supados Tamardikin kesupen kaliyan menapa ingkang dipunraosaken.

Sesambetan representasi katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika *representasi* katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan

cariyos ing nginggil minangka salah sawijining cara kangge ngrampungaken konflik, Pitarta ingkang nembe nglampahi konflik batin, nandhang kuciwa amargi piyambakipun mboten katampi anggenipun nggambali daftar sekolah amargi mboten lulus lajeng kasep anggenipun daftar malih. Ngertos kanca raketipun nandhang susah, Meineni ngajak Pitarta dhateng Bioskop kangge nglelipur manahipun Pitarta. Kaleresan Meineni gadah tiket bioskop saking tumbas tiketipun Tamardikin ingkang mboten kaagem amargi Tanti ingkang diajak mirsani bioskop mboten kersa. Katimbang tiket kasebut mboten kaagem, lajeng diputumbas kaliyan Meineni. Sanalika Pitarta kesupen kaliyan raos kuciwanipun gantos dados raos bungah amargi ing ndalu menika badhe dipunajak Meineni mirsani Bioskop.

Raos nrima ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna paseduluran miturut data ing nginggil titikanipun inggih menika nalika Pitarta nyariyosaken bilih Pitarta nembe nandhang susah, piyambakipun mboten lulus lan mboten katampi anggenipun daftar malih amargi kelasipun kebak. Ngertos mekaten Meineni nyobi nglipur Pitarta supados mboten susah malih kanthi ngajak lan nraktir Pitarta mirsani film ing bioskop. Awit panglipur saking Meineni menika Pitarta kang nandhang susah lan kuciwa, sanalika kesupen kaliyan prastawa kasebut, lan saged nampi menapa ingkang sampun ginaris bilih piyambakipun mboten lulus.

Saking data ing nginggil raos nrima wiwit tuwuh amargi wontenipun panglipur saking kancanipun. Sampun limrah bilih tiyang nembe nandhang susah menika cariyos kaliyan kancanipun, kanthi cariyos kaliyan kancanipun menika saged andamel langkung tentrem manahipun tiyang ingkang nembe nandhang susah ugi

saged nampi perkawis ingkang nembe dipunlampahi. Wonten tetembungan Jawi inggih menika “Narima ing Pandum”

3.) Sabar

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresna paseduluran ingkang ngandhut raos sabar kapanggihaken wonten 3 data, wujud saking tresna paseduluran ingkang ngandhut raos sabar kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- c) Aku maju ngethungake tanganku, kaya patrape wong nglulutake kewan galak. Weruh sikepku iku, Pitarta nyawang aku, mripate ora pandirangan maneh. Lerem. Ayup. Tanganku ditampani, digenggem kenceng banget. Daktoleh, wong ing mburiku wis ora ana. **Aku ora kuwat. Aku banjur jengkeng ing ngarepe wong kang menthas mateni uwong, wong lanang kang butuh panentrem, panglipur. Dheweke dakrangkul, raine dakdhelikake ing dhadhaku ben ora weruh ruwet-blerenge padhang donya.** Ing kono aku rumangsa, yen wong iku satemene kang sugih banyu kasenangan urip kang dibutuhake. Bener, nalika iku dheweke ngungsekake raine ing dhadhaku, nanging satemene dheweke iku wong lanang kang bisa ngayomi aku lan pantes dakjaluki apa-apa. Aku wuta. Wis daksandhing pirang-pirang taun, wis dakrasa salawase dheweke sandhing, nanging lagi saiki dheweke daktemokake! (*Katresnan kang Angker*, kaca 99).

Pethikan perkawis ing nginggil, kadadosan nalika Pitarta bibar mejahi Abimanyu. Meineni nyobi nemtremaken Pitarta, Meineni mboten tega menawi mboten ngrewes Pitarta. Cinta persaudaraan wonten ing pethikan cariyos, inggih menika wontenipun raos nggatosaken Meineni kaliyan Pitarta, titikanipun wonten ing pangandikan Meineni “**Aku ora kuwat. Aku banjur jengkeng ing ngarepe wong kang menthas mateni uwong, wong lanang kang butuh panentrem, panglipur. Dheweke dakrangkul, raine dakdhelikake ing dhadhaku ben ora weruh ruwet-**

blerenge padhang donya.” Meineni ngalahaken raos ajrihipun kangge nentremaken Pitarta.

Sesambetan representasi katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika *representasi* katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika njalari konflik batin raos getun ingkang dipunraosaken dening Meineni, amargi Meineni nembe sadar tiyang ingkang dangu dipunsandhing ananging nembe sakmenika dipunpanggihaken, inggih menika tiyang ingkang saged ngayomi Meineni. Patrap Meineni uga nuduhaken patrap kangge mungkasi konflik, inggih menika kanthi cara Meineni ngrangkul Pitarta ingkang bibar mejahi tiyang, Meineni mangertos bilih Pitarta mbetahaken panentrem, panglipur.

Titikanipun raos sabar ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna paseduluran wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika nalika Meineni ngadepi Pitarta, tiyang ingkang bibar mejahi Abimanyu. Meineni katon ngayomi Pitarta, salah bawa Meineni ingkang sabar ngadepi Pitarta ingkang bibar mejahi tiyang menika andamel Pitarta saged lere manahipun, kanthi ngrangkul Pitarta. Meineni ingkang getun amargi nembe sadar bilih Pitarta menika tiyang ingkang tansah njagi Meineni kawit rumiyin, mejahi Abimanyu menika ugi salah sawijining cara njagi Meineni, amargi Pitarta mboten purun Meineni dipunrisak kaliyan Abimanyu ingkang gadah salah bawa mboten sae. Mila Meineni namung saged males Pitarta kanthi nuduhaken raos sabar ngadepi Pitarta supados Pitarta saged lere manahipun.

4.) Ethok-ethok

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresna paseduluran ingkang ngandhut sipat ethok-ethok kapanggihaken wonten 1 data, wujud saking tresna paseduluran ingkang ngandhut sipat ethok-ethok kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- d) “Kuwi karcis ngendi, ta?” Pitakonku nggugung atine Tamardikin.
“Bioskop Wijaya.”
“Yawis, kene, dak gentenane. Nanging rega ezet, ezet, lho ya?”
“Kowe ki piye, ta, Nen? Dijak ora gelem saiki karcis arep kokgenteni?”
“Dudu kanggo aku dhewe, kok. Kagem bapak karo ibu. Wingi padha arep mirsani nanging ora keduman karcis. Lha saiki tinimbang kowe gela wis kebacut tuku karcis ora kok enggo kanthi tentrem, kene dakgentenane, idhep-idhep nulungi bapak. Rak kepenak, ta, ngono? Kowe ora kelangan lan berjasa marang wong tuwaku.” (*Katresnan kang Angker*, kaca 27)

Pethikan perkawis ing nginggil, kadadosan nalika Tamardikin ngajak Tanti kesah wonten bioskop ananging Tanti mboten kersa, ananging Tamardikin kebacut tumbas tiket bioskop. Tinimbang tiket bioskop kasebut muspro, Tamardikin banjur ngajak Meineni mirsani film ing bioskop, Meineni ugi mboten kersa, malah tiket kasebut dipuntumbas Meineni kangge nambani gelanipun Pitarta, kejawi menika ancasipun Meineni ugi kangge mbiyantu Tamardikin ingkang sarwa pas-pasan, kanthi numbas tiket kasebut artanipun saged kangge kabetahan Tamardikin. tresna paseduluran wonten ing pethikan cariyos, inggih menika wontenipun raos nggatosaken lan solidaritas antawis Meineni kaliyan Pitarta.

Sesambetan *representasi* katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika *representasi* katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan

cariyos ing nginggil inggih menika mungkasi konflik ingkang dipunlampahi Pitarta. Konflik kapungkasan nalika Meineni tumbas tiket bioskop kagunganipun Pitarta ingkang mboten siyos dipunginakaken amargi Tanti ingkang dipunajak mirsani bioskop mboten kersa.

Titikanipun solah bawa ethok-ethok ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna paseduluran wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika nalika Meineni tumbas tiketipun Pitarta menika alesanipun mboten saestu bilih matur menawi tiket menika kangge tiyang sepuhipun ingkang kalawingi badhe mirsani ananging mboten keduman tiket. Ancasipun Meineni matur mekaten kangge njagi manahipun Pitarta ugi kangge tamba raos kuciwanipun Pitarta ingkang mboten siyos mirsani film ing bioskop kaliyan Tanti. Pitarta menika kalebet tiyang ingkang pas-pasan, mila menawi tiket kasebut dipuntumbas kaliyan Meineni, artanipun saged kangge kabetahan sanes.

5.) Pekewuh

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresna paseduluran ingkang ngandhut pekewuh kapanggihaken wonten 7 data, wujud saking tresna paseduluran ingkang ngandhut raos pekewuh kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- e) Aku lali tembung apa kang dakucapake marang Pitarta. Aku lali piye tingkahku nalika lunga nggeblas saka panggonan cilaka iku. Aku mung kelingan sawise metu saka gapurane pasar malem, mlaku ngoncog dikiinthal Pitarta marani becak! Aku ngabani becak kanthi sora, banjur nyengklak lungguh ing becak.
“ Apa salahku, ta, Yu? Apa salahe Reti? Piye ta, iki mau? Apa sebabe Yu Neni duka nyentak-nyentak aku? Aku nyuwun ngapura tenan, Yu, dene aku ora ngrewes marang Yu neni. Nanging satemene dakrewes, Yu. Aku ora duwe seja nyepelekake Yu Neni...!” mengkono lan embuh piye maneh

tuture Pitarta ngerih-erih aku nalika ana ing becak. (*Katresnan kang Angker*, kaca 9)

Pethikan prastawa ing nginggil kadadosan nalika ing pasar malem. Ing papan kasebut Meineni lan Pitarta kesah sesarengan, ananging sanalika Meineni kepanggih kaliyan Abimanyu ingkang nembe dolan ing pasar malem ugi kaliyan tiyang setri. Ngertos bab menika Meineni rumaos kuciwa amargi sakderengipun Abimanyu kangsen kaliyan Meineni badhe kesah sesarengan ananging malah mblenjani. Lajeng Meineni nggeblas kondur tanpa ngendika menapa-menapa kaliyan Pitarta. Pitarta ngraos bingung menapa kaluputanipun sahingga Meineni tumindak mekaten. Pitarta ngraos rikuh pekewuh, tresna paseduluran ing novel menika kaandharaken ing tembung **“Aku nyuwun ngapura tenan, Yu, dene aku ora ngrewes marang Yu neni. Nanging satemene dakrewes, Yu. Aku ora duwe seja nyepelekake Yu Neni...!”** raos ngormati Pitarta kaliyan Meineni dipunandharaken ing pangandikanipun Pitarta bilih piyambakipun ngrewes marang Meieni lan mboten gadah raos nyepelekaken Meineni.

Sesambetan *representasi* katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika wontenipun *salah paham* antawis Pitarta kaliyan Meineni. Sikep Meineni ingkang mlampah lenggah wonten becak badhe wangsul tanpa kumecap menapa-menapa, damel Pitarta ngraos bilih wonten patrap ingkang klentu utawi mboten dipunremeni dening Meineni, sejatosipun sikepipun Meineni menika mboten amargi Pitarta, ananging amargi Abimanyu ingkang mblenjani janji badhe kesah kaliyan Meineni ing ndalu punika ananging Abimanyu mboten dugi-dugi wonten dalemipun, siyosipun Meineni kesah wonten *pasar malem* kaliyan Pitarta, ing *pasar malem*

menika mangertos Abimanyu kaliyan kenya sanes, sahingga damel Neni *cemburu*, raos *cemburu* menika ingkang ndadosaken Meineni lajeng wangsul saking pasar malem tanpa kumecap punapa-punapa.

Raos pekewuh ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna paseduluran inggih menika Meineni rumaos pekewuh amargi sampun damel Pitarta *salah paham*, ngertosipun Pitarta, Meineni duka kaliyan piyambakipun amargi Meineni mboten kumecap punapa-punapa. Tresna paseduluran ingkang dipunraosaken Pitarta menika andamel raos mboten purun bilih Meineni duka marang Piyambakipun, Pitarta njagi manahipun Meineni mila ngertos bilih Meineni duka, Pitarta kepengin mangertos menapa ingkang damel Meineni duka. Solah bawanipun Pitarta menika andamel Meineni rumaos pekewuh, amargi Meineni mboten duka kaliyan Pitarta ananging kaliyan Abimanyu ingkang kesah ing pasar malem kaliyan kenya sanes. Mila Meineni namung mendel kemawon amargi mboten saged ngendika bab kasebut kaliyan Pitarta.

- f) **“Gumun aku. Wong disapa Kenya kaya ngana sulistyane kok tanggapanmu anyep wae! Nanging aku wis tau weruh Kenya kuwi mau kok, Dhik Pit. Tenan. Ana ngendi ya? Sekolah apa ta, dheweke?”**“Yen dakkandhani blaka, Yu Neni mengko mesthi nesu.”
“Aku? Nesu? Lha ngapa kok nesu?”
“Tenan? Ora nesu?”
“Mesthi kok ngono! Aku apa tau kandha ora tenan? Aku apa wis tau nesoni kowe ta, Dhik Pit?”
“Yu Neni wis tau pirsana pasar malem!”
“Oh! Anu, sik, sik, Reti jenenge, iya? O, kelingan aku. Kena apa aku mau ora kok elingake yen aku uga wis tepung?. Wah, kae mau mesthi nganggep aku anggak. Kowe mau Dhik Pit, ora gelem ngelingake. Gela aku!”

“Aku kuatir Yu Neni terus ngambul, terus njaluk mulih tanpa prekara kaya dhek biyen kae. Dhek ana ing pasar malem kae.” (*Katresnan kang Angker*, kaca 32)

Pethikan prastawa ing nginggil menika kadadosan nalika Pitarta dipunsapa kenya nalika wonten ing bioskop kaliyan Meineni, ananging Pitarta mboten ngrewes kenya kasebut. Ukara **“Gumun aku. Wong disapa Kenya kaya ngana sulistyane kok tanggapanmu anyep wae!** menika ngandharaken bilih raos cinta persaudaraan ingkang dipuntindakaken Meineni inggih menika raos nggatosaken solah bawa Pitarta ingkang mboten trep, dipunsapa kaliyan tiyang ananging mboten nanggapi kanthi sae. Menika dipuntindakaken kaliyan Pitarta amargi njagi manahipun Meineni. Pitarta mboten kepengin Meineni duka kados kadadosan nalika ing pasar malem, Meineni nggeblas wangsul tanpa ngendika menapa-menapa. Menika kaandharaken wonten ing ukara Pitarta **“Aku kuatir Yu Neni terus ngambul, terus njaluk mulih tanpa prekara kaya dhek biyen kae. Dhek ana ing pasar malem kae.”**

Sesambetan *representasi* katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika representasi katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil minangka salah sawijining cara kangge nginggati konflik, Pitarta ajrih bilih Meineni duka kaliyan nindakaken kadadosan sami kados wonten ing *pasar malem* rumiyin, nggeblas wangsul tanpa ngendika menapa-menapa. Mila nalika ing Bioskop Pitarta dipunsapa kaliyan Reti, Pitarta namung nanggapi sapa kasebut kanthi anyep. Sinaosa mekaten, Meineni ugi ngraosaken konflik batin inggih menika raos gela, amargi Pitarta mboten ngemutaken bilih Meineni ugi sampun tepung kaliyan

kenya ingkang nyapa Pitarta kasebut. Raos gela Meineni menika amargi Meineni mboten nyapa Reti.

Raos pekewuh ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna paseduluran inggih menika nalika Pitarta mboten nanggèpi Reti ingkang nyapa piyambakipun amargi Pitarta ajrih menawi Meineni duka kaliyan Pitarta amargi rumiyin nalika Pitarta kaliyan Meineni kesah ing pasar malem nate kedadosan mekaten, sasampunipun Pitarta dipunsapa kaliyan kenya sanes, Meineni lajeng nyuwun wangsul tanpa kumecap menapa-menapa. Raos pekewuh Pitarta nalika kepanggih Reti menika minangka wujud Pitarta ngajeni Meineni, lan mboten purun Meineni kuciwa menawi mangsuli sapa aruhipun Reti.

- g) “Lha kowe? Priye atimu? Tresna tenan marang dheweke?”
Aku ora mangsuli. Ora wani nyawang Tanti. Lambeku sajak empuk yen digeget-geget nganggo untu.
Tanti ngekep aku, krasa yen tingkahe nuhoni patrap memitran.
“Nen, aku rak mitramu, ta ya?”
“Kena apa ta, Entik, kowe kok neter takon prekara kuwi?
Aku durung wani mangsuli pitakonmu.”
“Ora papa, Nen, ora papa. Mung sing ngati-ati. Sanajan kowe durung wani bengen kaya aku, nanging saiki kowe yaw is diwasa, malah wis nyambutgawe barang, wis akeh priya, ketarik marang sulistyamu. Sing ngati-ati nemoni priya, Nen. Sing njinggleng mawas priya sing kokpilih dadi sisihanmu. Ora angger priya seger njabane, seger jerohane.”
(*Katresnan kang Angker*, kaca 47)

Perkawis menika kedadosan nalika Tanti lan Tamardikin dhateng wonten dalemipun Meineni. Ancasipun Tanti lan Tamardikin inggih menika kepingin

mangertos kados pundi sejatosipun raos manahipun Meineni marang Abimanyu, ananging Meineni dereng wantun blaka babagan menapa ingkang dipunraosaken kaliyan Abimanyu. Tanti namung saged paring wejangan kaliyan Meineni supados ngatos-atos anggenipun nemtokaken pilihan ingkang badhe dipundadosaken sisihan gesang. Kados ing pangandikan menika **“Ora papa, Nen, ora papa. Mung sing ngati-ati. Sanajan kowe durung wani bengesane kaya aku, nanging saiki kowe yaw is diwasa, malah wis nyambutgawe barang, wis akeh priya, ketarik marang sulistyamu. Sing ngati-ati nemoni priya, Nen. Sing njinggleng mawas priya sing kokpilih dadi sisihanmu. Ora angger priya seger njabane, seger jerohane.”** ukara menika minangka titikan raos kangge majengaken gesangipun Meineni, supados Meineni mboten klentu anggenipun nemtokaken sisihanipun, kejawi menika pangandikan Tanti uga nuduhaken bilih Tanti gadah raos nggatosaken Meineni.

Sesambetan *representasi* katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika *representasi* katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil njalari konflik batin Meineni inggih menika raos mboten wantun ngaturaken menapa ingkang dipunraosaken kaliyan Abimanyu. Senajan Tanti kanthi sae nyuwun pirsane kaliyan Meineni menapa Meineni tresna kaliyan Abimanyu. Tanti minangka mitranipun Meineni ugi mboten meksa supados Meineni blaka kaliyan Tanti, Tanti namung nitip pesen supados Neni tansah ngatos-atos anggenipun mawas priya ingkang badhe dipunpilih dados sisihan gesang. Sikepipun lan ngendikanipun Tanti menika tansaya damel Neni curiga bilih wonten menapa-menapa, ananging ing

wekdal menika, Neni dereng nyuwun pirsu menapa ingkang dados ganjelan ing manahipun, Neni namung mendel kemawon.

Raos pekewuh ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna paseduluran inggih menika nalika Tanti nyuwun pirsu Meineni babagan raos tresnanipun kaliyan Abimanyu, ananging Meineni pekewuh mboten saged kumecap menapa-menapa. Sejatospun Tanti mangertos bilih Neni menika tresna kaliyan Abimanyu, ananging Tanti ugi mangertos bilih Abimanyu menika tiyang ingkang mboten sae, Tanti pekewuh menawi blaka bilih nalika wonten Jogja Tanti mangertos Abimanyu nembe wonten hotel kaliyan kenya ingkang mboten sae, Tanti ajrih menawi pangandikanipun klentu utawi damel kuciwa mitranipun, mila Tanti namung saged nuturi Meineni supados ngatos-atos anggenipun milih garwa.

b. Tresnaning Ibu

Tresnaning Ibu inggih menika sikep ingkang tanpa pamrih awit pagesangan lan kabetahan putranipun (Erich Fromm, 2018:72). Sesambetan ibu kaliyan putranipun menika tresna ingkang mboten sami amargi ingkang setunggal mbetahaken sedaya pambyantu lan sanesipun paring pambyantu (Erich Fromm, 2018: 74). Erich Fromm ugi ngandharaken bilih tresnaning ibu menika tanpa syarat, ngayomi sedaya. Tresna ibu adhedasar papadan (Erich Fromm, 2018: 93). *Cinta keibuan* inggih menika tresna ingkang tansah maringi kaliyan ngurbanaken menapa kemawon kangge tiyang ingkang dipuntresnani. Raos lila kaliyan tansah tresnani putranipun, mliginipun nalika nembe tebih saking putranipun menika kawontenan nalika tresna ibu kauji, menawi Ibu saged nglampahi kawontenan menika, Ibu kasebut

sampun ngraosaken kamulyaning tresna ingkang sejatos. Raos tresnaning ibu menika nuwuhaken kapribaden gesangipun tiyang Jawi, miturut data tresnaning ibu nuwuhaken raos sabar, isin, lan pekewuh.

1.) Sabar

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresnaning ibu ingkang ngandhut raos sabar kapanggihaken wonten 1 data, wujud saking tresnaning ibu ingkang ngandhut raos sabar kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- h) **“Elinga Nen, welinge Ibu. Wong wadon iku kudu tansah dandan yen nemoni dhayoh. Yen kowe isih legan, dandan iku ngajeni awakmu dhewe, yen kowe wis omah-omah, dandan iku ngajeni sing ngrengkuh kowe.”**
Kanthi nggondhok dakturuti kersane Ibu. Aku banjur metu. Ing gagasan ora nyalahke ibu babarpisan. Bantahan-bantahan sing dakucapake iku mau ya merga anyelku ngono wae. (*Katresnan kang Angker*, kaca 44)

Perkawis menika kadadosan nalika Meineni wonten dhayoh. Tresnanipun ibu katitik wonten pangandikanipun ibu **“Elinga Nen, welinge Ibu. Wong wadon iku kudu tansah dandan yen nemoni dhayoh. Yen kowe isih legan, dandan iku ngajeni awakmu dhewe, yen kowe wis omah-omah, dandan iku ngajeni sing ngrengkuh kowe.”** Ibu nuturi Meineni supados menawi badhe kepanggih dhayoh kedah tansah dandan amargi miturut ibu bilih tasih legan, dandan menika salah sawijining cara kangge ngajeni awakipun piyambak, ananging menewi sampun omah-omah menika ngajeni ingkang ngrengkuh piyambakipun.

Sesambetan *representasi* katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika *representasi* katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika njalari konflik batin paraga Meineni ingkang ngraosaken anyel, amargi nalika Meineni nembe sarean wonten tamu ingkang dugi inggih menika Pitarta. Sejatosisipun Meineni mboten kersa manggihi dhayoh kasebut menapa malih Ibu ugi dhawuh bilih kepanggih dhayoh menika kedah dandan, ananging amargi pameksan saking ibu, Meineni nindakaken dhawuhipun Ibu kanthi nggonduk.

Raos sabar ingkang tuwuh amargi wontenipun tresnaning ibu inggih menika nalika rasukanipun Meineni mboten trep, ibu kanthi sabar nuturi Meineni bilih tiyang estri menika kedah dandan amargi menawi tasih legan, dandan menika sami mawon ngajeni awakipun piyambak, ananging menawi sampun krama menika kangge ngajeni garwanipun. Pangandikan Ibu kaliyan Meineni menika mboten tanpa alesan, miturut kapribaden tiyang Jawi anggenipun ngagem busana menika kedah sopan, trep kaliyan unen-unen Jawi "*Ajining raga saka busana*" ingkang ngewrat teges bilih badanipun tiyang dipunajeni menapa mboten kaliyan tiyang sanes saking caranipun ngagem busana.

2.) Isin

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresnaning ibu ingkang ngandhut raos isin kapanggihaken wonten 2 data, wujud saking tresnaning ibu ingkang ngandhut raos isin kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- i) “Neni! Galo kancamu teka! Yen arep nonton rak anggur karo pemudha ngana kae. Kok karo bapak! Ngendikane ibu.
“Sapa, Bu, sing teka? Abimanyu ya?”
Aku mlayu menyang ngarepan, disangoni ujar dening ibu,
“Cah wis prawan ngono kok playon pencolotan! Bojone ki mbesuk sapa?! Mbok ya sing alus, geneya, ta?! Sing kaya putri ngono lho!” (*Katresnan kang Angker*, kaca 29).

Pethikan prastawa ing nginggil nalika kancanipun Meineni dugi ing dalemipun, Meineni mboten sabar kepengin mangertos sinten ingkang dugi wonten dalemipun, mila Meineni lajeng mlayu pencolotan tumuju ngajeng nggriya. Raos cinta keibuan ing pethikan gineman ing nginggil, katuduhaken wonten ing pangandikan Ibu inggih menika **“Cah wis prawan ngono kok playon pencolotan! Bojone ki mbesuk sapa?! Mbok ya sing alus, geneya, ta?! Sing kaya putri ngono lho!”** pangandikan menika ancasipun kangge nuturi Meineni putranipun, supados dados tiyang ingkang alus kados putri. Ibu menika kepingin putranipun gadah salah bawa ingkang sae.

Sesambetan representasi katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika representasi katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika mungkasi konflik. Sakderengipun, Meineni ngaturi tiyang

sepuhipun mirsani bioskop amargi Meineni gadah kalih tiket bioskop ingkang mboten kaagem, ananging tiyang sepuhipun mboten kersa, lajeng ngajak bapakipun ugi mboten kersa. Nalika Pitarta dhateng wonten dalemipun Meineni, Ibu dhawuh kaliyan Meineni supados ngajak Pitarta kemawon menawi badhe mirsani Bioskop. Pungkasanipun Meineni nindakaken dhawuhipun Ibu kesah kaliyan Pitarta Mirsani Bioskop.

Raos isin ingkang tuwuh amargi wontenipun tresnaning ibu inggih menika nalika Ibu mangertos solah bawanipun Meineni ingkang mlayu pencolotan, Ibu rumaos isin ngertos solah bawanipun Meineni ingkang kados mekaten, pangajab ibu, Meineni menika gadah solah bawa ingkang alus kados putri. Miturut tiyang Jawi, putri *kerajaan* menika temtu gadah sipat ingkang sae, lembah manah, sopan, alus lan sanesipun, mila miturut ibu Meineni ugi kepengin menawi solah bawanipun Meineni kados putri. Raos isin ibu amargi Meineni ingkang tasih prawan menika tasih tanggél jawab ibunipun, menawi wonten menapa-menapa kaliyan putranipun samangke Ibu ugi nampi *akibat* saking menapa ingkang dipuntindakaken putranipun. Kados unen-unen Jawa “*Anak polah Bapak kepradah*” unen-unen kasebut ngewrat teges bilih putra menika dados tanggél jawab tiyang sepuhipun, utaminipun babagan tindak tanduk putranipun, menawi tindak tanduk putranipun menika lepat, tiyang sepuh ugi tumut dipunlepataken, kosaok balenipun menawi putranipun tumindak putranipun

sae, tiyang sepuhipun ugi dipunalem. Amargi menika tiyang Jawi kedah mulang putra-putrinipun kanthi leres miturut agami, tata krama lan sanesipun.

j) “Neni!” panyentake ibu.

“Ibu ki kena apa ta, Neni kok disentak wae?” pitakonku saya anyel.

“Klambimu iku benikna dhisik, mbledeh ngono kuwi arep kok enggo metu? Ketok susumu! Wis prawan gedhe ngono mbok sik rada ngati-ati! Surup-surup ki mbok dandan sing resik! Turu wae! Adhike ora papa dichetoti!”

“Ah Ibu ki! Wis emoh! Emoh! Aku emoh nemoni Dhik Pit!”

“Ayo! Ayo, rak arep ngisin-isinke ibu! Nglakoni pakone ibu wae apa ta, Nen, rekasane? Kowe ki ngretia sithik wae, ta. Wis gedhe, saru yen dhadhane mbledeh konangan jaka!” (*Katresnan kang Angker*, kaca 43)

Prastawa menika kadadosan nalika sonten-sonten Meineni wonten tamu ananging Meineni malah sarean kemawon, kaliyan benik ing rasukanipun mbledeh, ketingal dhadhanipun. Ibu tansaya duka nalika Neni mboten kersa kepanggih Pitarta dhayohipun. Raos tansah nresnani putranipun menika katitik ing tembung **“Klambimu iku benikna dhisik, mbledeh ngono kuwi arep kok enggo metu? Ketok susumu! Wis prawan gedhe ngono mbok sik rada ngati-ati! Surup-surup ki mbok dandan sing resik! Turu wae!”** Ibu kepengin putranipun tansah ngati-ati, ngati-ati ingkang dipunkersakaken Ibu inggih menika Meineni ingkang tasih legan menika kedah ngatos-atos anggenipun nginakaken rasukan, rasukanipun menika ingkang ketingal pantes lan sopan, menapa malih menawi badhe kepanggih kaliyan tiyang jaler.

Sesambetan *representasi* katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika *representasi* katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika wontenipun pameksan ingkang dipuntindakaken Ibu marang Meineni. Ibu meksa Meineni supados ngginakaken rasukan ingkang sopan, amargi rasukanipun mbledeh ketinggal dhadhanipun, kejawi menika Meineni ugi dipundhawuhi Ibu supados dandan ingkang resik mboten namung tilem kemawon amargi sampun sonten. Ancasipun Ibu meksa Meineni inggih menika Meineni minangka tiyang setri lan tasih legan, kedah njagi tata kramanipun, amargi menawi tasih legan, menawi wonten menapa-menapa, ingkang nandhang isin inggih menika tiyang sepuhipun.

Raos isin ingkang tuwuh amargi wontenipun tresnaning ibu inggih menika nalika Meineni ngginakaken rasukan ingkang mboten sopan, katon dhadhanipun. Miturut Ibu, Meineni ingkang tasih prawan menika kedahipun ngginakaken rasukan ingkang pantes lan trep kangge njagi awakipun piyambak. Tansah ngatos-atos anggenipun tumindak. Pethikan prastawa kasebut uga nggambaraken bilih Meineni nalika sampun surup dereng wungu, tasih sarean, raos isin ibu dipungambaraken kanthi Ibu nuturi lan meksa Meineni supados Menawi sampun surup kados umumipun tiyang sanes, sampun siram lan dandan resik, amargi miturut tiyang Jawi menawi sonten-sonten tasih sarean menika mboten ilok utawi mboten *pantes*.

3.) Pekewuh

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresnaning ibu ingkang ngandhut raos pekewuh kapanggihaken wonten 2 data, wujud saking tresnaning ibu ingkang ngandhut raos pekewuh kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- k) “Tanganku piye, ewuh anggonku nyeleh,” ujare Abimanyu, tangane arep cak cek nyekel bangkekanku. Tangan banjur dakcandhak ceg, terus dakpalangkerikake ing lempenge dheweke dhewe lan aku nerusake mbenakake dhasi. **Nalika iku ibu mlebu kamar arep pirsu anggonku ndandani Abimanyu. Ing kono aku krasa oleh pengawasane ibu, rumangsa kayoman. Ing kono aku krasa kawicaksanane ibu. Piye-piyea kae tingkahe anak mesthi isih perlu diawat-awati wongtuwa, apa maneh anak kang lagi mabuk suka kaya aku iki mau!** Tujokno tangane Abimanyu ora nganti nyekel bangkekanku, lan dak palangkerike marang lempenge dhewe. Upama nganti nyekel bangkekanku, aku wis mesthi ilang kaprayitnanku, lan embuh maneh kepriye yen dikonangi sibu lagi kaya ngono kuwi! Tujokno! Slamet-slamet-slameeett! (*Katresnan kang Angker*, kaca 40)

Pethikan cariyos menika kedadosan nalika Meineni ngagemaken dasi Abimanyu wonten ing kamaripun Ibu. Nalika menika Ibu mlebet ugi wonten ing kamar, badhe pirsu anggenipun Meineni ndandani Abimanyu. Menapa ingkang dipuntindakaken Ibu menika minangka salah satunggaling raos tresnaning ibu amargi nalika Ibu mlebet wonten ing kamar badhe pirsu menapa ingkang dipuntindakaken Meineni kaliyan Abimanyu menika salah sawijining wujud bilih Ibu ngayomi putranipun. Meineni ingkang tasih prawan menika tasih mbetahaken pengawasan saking Ibu, bab menika katitik wonten ing ukara “**Nalika iku ibu mlebu kamar arep**

pirsa anggonku ndandani Abimanyu. Ing kono aku krasa oleh pengawasane ibu, rumangsa kayoman. Ing kono aku krasa kawicaksanane ibu. Piye-piyea kae tingkahe anak mesthi isih perlu diawat-awati wongtuwa, apa maneh anak kang lagi mabuk suka kaya aku iki mau!”.

Sesambetan representasi katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika representasi katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika nginggati konflik. Nalika Meineni nyuwun idin nyambut kamaripun bapak kangge ndandani Abimanyu, Ibu ngeparengaken ananging Ibu ugi tumut mirsani anggenipun Meineni ndandani Abimanyu, ancasipun Ibu inggih menika kangge nginggati kedadosan ingkang mboten sae. Neni ugi mekaten, nalika astanipun Abimanyu badhe nyekeli bangkekanipun, Neni mboten kersa lajeng astanipun Abimanyu dipunpalangkerikaken. Patrapipun Meineni menika dipuntindakaken supados Ibu mboten duka.

Raos pekewuh ingkang tuwuh amargi wontenipun tresnaning ibu inggih menika nalika Meineni ndandani Abimanyu lan nyambut kamar tiyang sepuhipun amargi pados ingkang wonten kacanipun. Nalika Meineni ndandosi Abimanyu, sanalika Ibu lajeng tumut mlebet kamar kangge mirsani anggenipun Meineni ndandani Abimanyu. Ancasipun Ibu menika kangge ngawat-awati putranipun, mangertos bilih wonten pengawasan saking Ibu, Meinenilan Abimanyu dados rikuh, pekewuh anggenipun tumindak. Astanipun Abimanyu ingkang badhe nyekel

bangkekanipun Meineni lajeng kaliyan Meineni dipunpalang kerik ing bangkekanipun Abimanyu piyambak.

c. **Tresna *Erotis***

Tresna *erotis* inggih menika *hasrat* kangge manunggal kaliyan tiyang ingkang dipuntresnani (Erich Fromm, 2018: 77). Wonten *eksklusifitas* ing tresna *erotis*, ananging tresna *erotis eksklusif* nalika saged manunggalaken kaliyan setunggal tiyang ingkang dipuntresnani. Tresna *erotis* inggih menika raos kepincut tiyang setunggal kaliyan tiyang sanesipun, tresna *erotis* ugi raos lila (Erich Fromm, 2018: 82). Babagan *eksklusifitas* tresna *erotis* saged dipuntinggali saking raos egoisme tiyang ingkang nembe nandhang asmara, ingkang mboten remen tiyang ingkang dipuntresnani nggatosaken tiyang sanes, mila ing mriki raos *cemburu* minangka wujud raos tresna kaliyan tiyang sanes. Bilih raos eksklusifitas menika kajagi mila saged nuwuhaken sikep setia, ugi raos percaya antawis setunggal lan sanesipun. Raos tresna *erotis* menika nuwuhaken kapribaden gesangipun tiyang Jawi, miturut data tresna *erotis* nuwuhaken raos rila lan nrima.

1.) Rila

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking *cinta erotis* ingkang ngandhut raos rila kapanggihaken wonten 3 data, wujud saking *cinta erotis* ingkang ngandhut raos rila kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- 1) “Buku sing panjenengan silih mau pira ta Mas regane?”
 “Wah, mung wong sugih thok sing bisa tuku, Neni. Aku mung bisa nyilih.”
 “Pira ta Mas?”
 “Patang atusan, ngono.”
“Anu. Upama tuku ya ana?”
 “Ana. Saiki iki kesempatan lagi metu. Nanging piye wong dhuwite ora sempat. Dadi ya isih meksa begjane wong sugih bisa tuku buku mau.”
“Celenganku isih ana, Mas.”
Dheweke nyawang aku. Aku mesem, rogoh-roguh kutang, banjur dakjereng dhuwit lembaran atusan lima.
 “Saka ngendi, Neni?”
 “Songketanku sing daktitipake Bu Mursinggih payu kabeh, Mas. Aku lali pira tukune bolahe, pira cacahé bolahe, nanging aku rumangsa seneng iki mau nampa dhuwit akeh. Aku ora ngira, lho, uwat-uwete tanganku bisa ngasilake kaya ngono. Saiki iki apa sing ora payu ya Mas, wong bolah diruwet-ruwet iya....!” (*Katresnan kang Angker*, kaca 76)

Perkawis kadadosan nalika Meineni kaliyan Tamardikin nembe gineman, wonten ing gineman kasebut Meineni nyuwun pirsá Tamardikin babagan buku ingkang dipunsambut Tamardikin. Ancasipun Meineni inggih menika badhe numbasaken buku kasebut kanggé Tamardikin kados ing ukara **“Anu. Upama tuku ya ana?”** kaliyan **“Celenganku isih ana, Mas.” Dheweke nyawang aku. Aku mesem, rogoh-roguh kutang, banjur dakjereng dhuwit lembaran atusan lima.** Ukara kasebut nuduhaken bilih Meineni lila nindakaken menapa kemawon kanggé tiyang ingkang dipuntresnani, ing mriki Meineni lila nyade mas-masan tinggalan saking tiyang sepuhipun supados saged numbasaken buku kanggé Tamardikin,

sinaosa Meineni mboten blaka kaliyan Tamardikin bilih arta kasebut asil saking nyade songket.

Sesambetan *representasi* katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika representasi katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika mungkasi konflik, amargi buku sambutan Tamardikin menika kedah enggal dipunwangsulaken, mila sedinten menika Tamardikin njinggleng maos buku kasebut, ngantos Neni rumangsa dipunsingkur amargi buku kasebut, kejawi menika Tamardikin ugi dados gampil duka. Ngertos kawontenan mekaten Meineni nyuwun pirsababagan buku kasebut lajeng nyaosi arta kaliyan Tamardikin kangge tumbas buku kasebut sinaosa reginipun awis inggih menika patangatusan. Nalika Tamardikin nyuwun pirsababagan kaliyan Neni babagan arta kasebut, Meineni mboten blaka bilih arta menika asil saking nyade mas-masan peninggalan saking bapakipun Neni, Neni matur kaliyan Tamardikin bilih arta menika asil saking nyade songketan ingkang dipuntitipaken kaliyan Bu Mursinggih, Neni matur mekaten kaliyan Tamardikin amargi kangge nginggati konflik, Meineni nginggati Tamardikin duka bilih mangertos arta kasebut asil saking nyade mas-masan.

Raos rila ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna *erotis* inggih menika nalika Meineni rila nyade mas-masanipun saking tiyang sepuhipun kangge tumbas buku kagem garwanipun, amargi Meineni mangertos bilih sakderengipun Tamardikin namung nyambut buku saking kancanipun. Tamardikin njinggleng maos buku ingkang dipunsambut menika amargi kedah enggal-enggal dipun wangsulaken kawontenan menika ndamel Tamardikin gampil duka. Miturut tiyang Jawi garwa

menika sigaring nyawa mila ngertos Tamardikin tumindakipun mekaten Meineni rumaos sedhik lajeng Neni usaha kados pundi caranipun supados saged numbasaken buku kasebut.

2.) Nrima

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresna *erotis* ingkang ngandhut raos nrima kapanggihaken wonten 7 data, wujud saking tresna *erotis* ingkang ngandhut raos nrima kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- m) Aku nyawang loket. Mak prepet, mripatku terus wae kepyur-kepyur. Ing loket, metu saka suk-sukane uwong lan uwet ngetung susuk, aku weruh Abimanyu! **Abimanyu priya sing sasore bendhe dakenteni nggentheng-entheng ora teka, ndadak saiki ketemu ngeterake Kenya liya. O, kok apes timen awakku! Apes!** (*Katresnan kang Angker*, kaca 9)

Perkawis menika kadadosan nalika Meineni wonten ing pasar malem kaliyan Pitarta, wonten mriku Meineni kepanggih kaliyan Abimanyu dhateng wonten pasar malem kaliyan Kenya sanes. Meineni rumaos anyel amargi ing ndalu menika Abimanyu kangsen kaliyan Meineni badhe kesah sesarengan, ananging sasonten dipuntengga Abimanyu mboten dugi, malah sakmenika mangertos Abimanyu kesah kaliyan Kenya sanes. Meineni ngraosaken *cemburu* titikanipun inggih menika ing tembung **Abimanyu priya sing sasore bendhe dakenteni nggentheng-entheng ora teka, ndadak saiki ketemu ngeterake Kenya liya. O, kok apes timen awakku! Apes!** Ing pethikan ukara kasebut ngandharaken wujud saking raos egoisme tiyang ingkang nembe nandhang asmara, ingkang mboten remen tiyang ingkang dipuntresnani nggatosaken tiyang sanes.

Sesambetan *representasi* katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika *representasi* katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika njalari konflik batin Meineni ingkang nandhang kuciwa amargi Abimanyu ingkang mblenjani janji, kangsen kaliyan Meineni badhe tindak dhateng pista sareng kaliyan Tanti lan Tamardikin ananging Abimanyu mboten dugi, malah Meineni kepanggih Abimanyu wonten ing pasar malem kaliyan kenya sanes. Amarga kedadosan menika Meineni namung mendel kemawon lajeng nggeblas wangsul saking pasar malem tanpa ngendika menapa-menapa.

Raos nrima ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna *erotis* inggih menika nalika Meineni kepanggih Abimanyu kesah kaliyan kenya sanes lan mblenjani janji badhe kesah kaliyan Meineni ananging mboten dugi. Raos nrima Meineni katitik saking solah bawanipun ingkang namung saged mendel mangertos Abimanyu kesah kaliyan kenya sanes.

- n) “O, kowe ngukur katresnan iku saka kono, Nen? Apa ukuran kuwi bener saka pribadhimu dhewe? Apa ukuran kuwi saiki isih kok cakake ing atimu? Aku percaya, kowe isih nduweni sipat adil, lan wani ninthingi kahananmu upama aku kandha, Aku ya ngreti apa sing dilakoni Tamardikin’. Nanging aku wong lanang, Nen, ora bakal nyritakake wewadine wong lanang liya marang kowe, marang wong wadon. Wong lanang kang nyritakake wadine kancane marang wong wadon dudu milike, iku wong lanang culika, wong lanang nistha. Apa maneh yen mbukake wadi kanthi pamrih wong wadone bakal dialap dhewe! Aku durung wani mbukak wadine kancaku, Nen. Maaf. Nanging wis samene wae, Nen. **Sing perlu kowe saiki yakin tenan aku tresna marang kowe, uga dhek ana Kaliurang, uga dhek ana Hongkong. Aku tetep tresna marang kowe nganti saiki iki.** Nanging aku lair ing donya ora ijen. Aku diwulang ngetrepake kasusilan. Aku ora kena budi sakarepku dhewe. Mula, Nen, ben katresnan iki langgeng kaya ngene, aku nandhang kecuwan kaya mangkene, ora susah diowahi wujud utawa trape. Ora susah!” *Katresnan kang Angker*, (kaca 85-86)

Perkawis kasebut kadadosan nalika Abimanyu sowan wonten dalemipun Meineni, wonten mriku Abimanyu ngandharaken raos kuciwanipun amargi mangertos bilih rumiyin Tamardikin nate ngandharaken wadinipun kaliyan Meineni, amargi menika Meineni dados nebihi Abimanyu. Tresna *erotis* katitik wonten ing ukara **“Sing perlu kowe saiki yakin tenan aku tresna marang kowe, uga dhek ana Kaliurang, uga dhek ana Hongkong. Aku tetep tresna marang kowe nganti saiki iki.”** ing ukara kasebut nuduhaken raos manahipun Abimanyu, ingkang ngandharaken bilih Abimanyu tresna kaliyan Meineni, ananging kawontenan sakmenika Abimanyu kaliyan Meineni mboten saged manunggal sinaosa kekalihipun sami-sami ngraosaken katresnan. Samenika Meineni sampun kagungan sisihan inggih menika Tamardikin.

Sesambetan representasi katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika representasi katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika konflik batin paraga Abimanyu ingkang nandhang kuciwa. Abimanyu kuciwa amargi Meineni ngukur katresnan saking pangandikanipun tiyang sanes, inggih menika pangandikan Tamardikin ingkang mangertos Abimanyu nalika wonten Yogyakarta nembe kaliyan kenya sanes wonten hotel, sasampunipun Meineni mirengaken menapa ingkang dipunngendikakaken Tamardikin babagan Abimanyu, damel Meineni mangu-mangu kaliyan raos tresnanipun marang Abimanyu, Meineni ugi mangu-mangu kedah mirengaken pangandikan tiyang sanes menapa nuhoni raos batinipun.. Pangandikan Abimanyu ing nginggil ugi ndayani konflik batin Meineni inggih menika raos getun, amargi Meineni menika tresna kaliyan Abimanyu, ananging Meineni mboten mangertos babagan raos manahipun Abimanyu, amargi

Abimanyu mboten nate blaka babagan menika, sinaosa sikepipun Abimanyu nuduhaken bilih piyambakipun tresna kaliyan Meineni, nembe wekdal punika Abimanyu blaka bilih piyambakipun ugi ngraosaken tresna kaliyan Meineni, ananging blakanipun Abimanyu damel Meineni tansaya getun amargi sakmenika Meineni sampun gegandhengan kaliyan Tamardikin, lan kagungan putra saking Tamardikin.

Raos nrima ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna *erotis* inggih menika nalika Abimanyu ingkang sowan wonten dalemipun Meineni saperlu blaka kaliyan raos tresnanipun. Abimanyu romaos kuciwa amargi Meineni mirengaken pangandikan tiyang sanes ingkang nyandra Abimanyu bilih Abimanyu menika priya ingkang mboten sae lan mboten pantes dipundadosaken garwa, amargi menika Meineni mupus raos tresnanipun kaliyan Abimanyu lan sampun kagungan garwa inggih menika Tamardikin. Abimanyu namung saged nampi lan pasrah kaliyan kahanan kasebut bilih Meineni sampun kagungan garwa.

- o) “Iki mau saka omahe Reti, aku enggal-enggal menyang omahmu, luwih banter playuku mrene tinimbang anggonku mara ing omahe Reti. Aku menyang nggone Reti mung perlu ngluwari ujar takon wangsulane marga iku dadi kewajibanku akibat saka ketrucut tembungku biyen. Aku teka mrana kaya rekening looper nagih dhuwit lengganan koran apa listrik. Nanging aku mlayu menyang panggonanmu kayadene priya selak ketemu kekasihe. Ibu ngendika kowe wis kawin, wis duwe anak, lan alamatmu kene. Nalika mlebu ing plataran omah lojimu kana, aku iki wong urip kayungyun tresna, omahmu kaya taman kembang kang sarwa wangi, nalika metu saka omahmu kana aku iki mung badan wadhag kang dilakokake dening mesin.”

Aku meneng wae. Atiku remuk. Gela, getun, eman. Ah, upama urip iki kena dibaleni, saiba enake! Upama Tanti biyen ora ketabrak motor!

(*Katresnan kang Angker*, kaca 86)

Cariyos kadadosan nalika Abimanyu saking dalemipun Reti saperlu ngluwari ujar, nyuwun pirsa wangsulanipun Reti babagan tembungipun rumiyin amargi menika dados kewajibanipun jalaran saking ketrucut tembungipun rumiyin, ananging Reti mboten nampi Abimanyu. Sasampunipun pikantuk wangsulan lajeng sowan wonten dalemipun Meineni kang sampun dangu dipuntresnani, ananging kawontenanipun samenika Neni sampun gadah garwa lan putra. Meineni ingkang tresna ugi kaliyan Abimanyu, ngraosaken getun, ing ukara **“Aku meneng wae. Atiku remuk. Gela, getun, eman. Ah, upama urip iki kena dibaleni, saiba enake! Upama Tanti biyen ora ketabrak motor!”** Meineni getun kening menapa rumiyin mirengaken pangandikan tiyang sanes babagan wadinipun Abimanyu, ugi getun Tanti njodohaken piyambakipun kaliyan Tamardikin. Meineni getun kepengin ngambali menapa ingkang sampun kalampahan. Titikan cinta erotis ing pethikan perkawis ing nginggil inggih menika kapengin manunggal kaliyan tiyang ingkang dipuntresnani ananging kawontenan ingkang mboten nyengkuyung.

Sesambetan representasi katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika representasi katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika njalari konflik batin Neni, ingkang ngraosaken getun. Abimanyu ingkang kawit rumiyin dipuntresnani dening Neni, nembe blaka bilih piyambakipun Tresna ugi kaliyan Neni, ananging kawontenanipun sampun beda, samenika Neni sampun gadah garwa kaliyan putra. Neni getun kening menapa rumiyin Tanti kacilakan lajeng njodohaken Neni kaliyan Tamardikin, raosipun Neni kepengin ngambali malih pagesangan ingkang sampun kepengker. Neni getun

kenging menapa rumiyin mirengaken ngendikanipun Tamardikin kaliyan Pitarta babagan Abimanyu, kenging menapa mboten nuhoni batinipun piyambak. Neni mboten saged kumecap menapa-menapa, namung saged mendel nggetuni lelampahan gesangipun.

Raos nrima ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna *erotis* inggih menika nalika Abimanyu ingkang blaka bilih piyambakipun tresna kaliyan Meineni. Meineni sejotosipun ugi tresna kaliyan Abimanyu ananging samenika Meineni sampun dados garwanipun Tamardikin. Meineni ingkang ngraosaken getun nanging sampun mupus bilih sakmenika piyambakipun sampun kagungan garwa. Raos rila ingkang dipunraosaken Meineni menika rila kaliyan sedaya ingkang sampun kalampahan. Meineni sadar bilih wekdal mboten saged dipunambali malih. Mila Meineni nampi menapa ingkang sampun ginaris bilih piyambakipun mboten saged jejodhoan kaliyan Abimanyu, tiyang ingkang dipuntresnani.

- p) “Nen. Kabeh mau mratelake yen urip mawa katresnan iku angker, gawat, ngemu dosa, ora praktis, ngruntuhake bebrayan donya. Kaya ngono mau wujud. Kaya uripku lan uripmu iki conto rsaane. Mula saiki Neni, ayo padha diniyati mbuwang sakabehing tresna asmara. Ayo urip tanpa rerindhu kuwi. Kene urip sarana pengabdian, sarana kebaktian. **Awake dhewe iki saiki, kudu urip bebrayan amrih rukune, amrih bisane nentremake masyarakat. Dhek mbiyen kene iki wong murka, marga urip nandhang katresnan. Kowe tresna marang Abi, marang Pitarta, aku tresna marang Tanti saiki diilangi kabeh. Anaku mung kowe, anamu mung aku. Ora susah nganggo tresna asmara thethek bengek!**” (*Katresnan kang Angker*, kaca 101).

Pethikan cariyos ing nginggil kedadosan nalika sasampunipun kedadosan Pitarta mejahi Abimanyu amargi mboten kapengin Abimanyu ngrisak Meineni. *Cinta erotis* wonten pethikan cariyos ing nginggil katitik wonten tembung “**Awake dhewe**

iki saiki, kudu urip bebrayan amrih rukune, amrih bisane nentremake masyarakat. Dhek mbiyen kene iki wong murka, marga urip nandhang katresnan. Kowe tresna marang Abi, marang Pitarta, aku tresna marang Tanti saiki diilangi kabeh. Anaku mung kowe, anamu mung aku. Ora susah nganggo tresna asmara thethek bengek!” pangandikan Tamardikin nuduhaken raos kepingin manunggal kaliyan tiyang ingkang dipuntresnani. Tamardikin ngajak supados saklajengipun sami-sami mbucal raos tresna kaliyan tiyang sanes. Wontenipun namung Meineni lan Tamardikin kemawon.

Sesambetan *representasi* katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika representasi katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika prastawa kasebut kangge nginggati konflik, ampun ngantos wonten kedadosan kados saderengipun, konflik saderengipun inggih menika wonten kedadosan bilih Pitarta bibar mejahi Abimanyu, lajeng Pitarta nampi paukuman. Sasampunipun kedadosan menika, Meineni kaliyan Tamardikin sami-sami ndadosaken kedadosan kasebut minangka kaca benggala, bilih tresna menika pancen angker, mila Tamardikin ngajak supados sami-sami mbucal raos tresna lan rerindu kaliyan tiyang sanes, Meineni mbucal raos tresnanipun kaliyan Abimanyu, Tamardikin ugi mbucal raos tresnanipun kaliyan Tanti, samenika ingkang wonten namung Meineni kaliyan Tamardikin, supados ing sangejengipun saged gesang bebrayan kanthi rukun.

Raos nrima ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna *erotis* inggih menika nalika bibar wonten maneka warna kedadosan antawisipun Tamardikin ingkang tasih

tresna kaliyan Tanti, Abimanyu ingkang blaka bilih piyambakipun tresna kaliyan Meineni lan Pitarta ingkang bibar Mejahi Abimanyu menika andamel Tamardikin kaliyan Meineni *instropeksi* kaliyan sesambetanipun. Tamardikin ngajak Meineni supados mbucal raos rerindu lan tresnanipun kaliyan tiyang sanes. Kedah nampi bilih ingkang ginaris inggih menika Meineni kaliyan Tamardikin sampun dados sisihan, supados ing sesambetan kasebut tansah ayam, tentrem lan rukun.

3.) Sabar

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresna *erotis* ingkang ngandhut raos rila kapanggihaken wonten 1 data, wujud saking tresna *erotis* ingkang ngandhut raos rila kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- q) “Kowe kandha apa?”
“Sing ngetengi Ratniah kuwi Abimanyu. Mrene ora mbaleni kedadean sing mbiyen kae, rak iya, Yu. Kowe ora nganti cucul klambi maneh, ta, iki mau?”
“Aku ora ngreti apa omonganmu, Dhik Pit. Ora ngreti.”
“Oh, aku tresna kowe, Yu. Tresna kowe. Aku emoh yen kowe ora suci! Aku emoh yen Abimanyu ngotori jiwa ragamu! Oh, oh, oh! Aku weruh dheweke mrene maneh! Kowe rak isih suci, ta, Yu? Oh, kowe kudu isih suci!”
“Iya! Iya! Aku suci. Aku suci, Dhik. Aku tetep Yu Nenimu sing mbiyen kae!”
aku ora kober mikir genah apa sing dakomongake. Ngretiku Pitarta saiki lagi ruwet pikirane, kudu dilipur ditentremake. (*Katresnan kang Angker*, kaca 99)

Perkawis kadadosan nalika Pitarta bibar mejahi Abimanyu, sasampunipun mejahi abimanyu Pitarta banjur matur bilih ingkang damel Ratniah ngandhut menika

Abimanyu. Cinta erotis wonten pethikan kedadosan ing nginggil inggih menika wonten ing ukara **“Oh, aku tresna kowe, Yu. Tresna kowe. Aku emoh yen kowe ora suci! Aku emoh yen Abimanyu ngotori jiwa ragamu! Oh, oh, oh! Aku weruh dheweke mrengs maneh! Kowe rak isih suci, ta, Yu? Oh, kowe kudu isih suci!”** pangandikan Pitarta menika nuduhaken raos lila tiyang ingkang nembe nandhang asmara, ingkang mboten remen tiyang ingkang dipuntresnani dipunrisak kaliyan tiyang sanes, mila ing mriki Pitarta lila nindakaken menapa kemawon kangge tiyang ingkang dipuntresnani, Pitarta lila mejahi Abimanyu supados Abimanyu mboten ngrisak jiwa raganipun Meineni.

Sesambetan *representasi* katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika *representasi* katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika mungkasi *konflik*. Pethikan cariyos menika kedadosan nalika Pitarta bibar mejahi Abimanyu. Pitarta mejahi Abimanyu supados mboten wonten malih korban kados Ratniah ingkang ngandhut amargi Abimanyu. Menapa malih Pitarta tresna kaliyan Meineni kawit rumiyin, Pitarta mboten pengin Meineni dipunrisak kaliyan Abimanyu. Ing mriku Meineni nyobi nentremaken manahipun Pitarta kanthi ngaturaken bilih piyambakipun tasih suci, dereng dipunrisak dening Abimanyu.

Raos sabar ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna *erotis* inggih menika nalika Pitarta bibar mejahi Abimanyu. Pitarta nyuwun pirsana menapa Meineni tasih suci. Pitarta kuwatir menawi Abimanyu sampun damel Meineni mboten suci, amargi Abimanyu menika tiyang ingkang sampun damel Ratniah ngandhut. Pitarta mboten

purun bilih Abimanyu ngregeti jiwa raganipun Meineni. Meineni tansah sabar anggenipun ngadepi Pitarta ingkang nembe ruwet pamikiranipun, Pitarta namung betah dipuntentremaken manahipun kanthi sabar.

d. *Tresna Dhiri Pribadhi*

Miturut Endang Mintarja (2015:23), tresna dhiri pribadhi menika minangka wiwitanipun tiyang kangge ngraosaken tresna kaliyan tiyang sanes. Mila tresnanipun kaliyan tiyang sanes, gumantung kaliyan kados pundi tiyang menika nresnani piyambakipun. tiyang ingkang tresna dhiri pribadhi gadah modal dasar kangge tresna kaliyan tiyang sanes kanthi *pengalaman* ngormati, tanggel jawab ugi pangertosan kaliyan awakipun piyambak. Modal menika ingkang saged nuwuhaken rasa tresna kaliyan tiyang sanes, amargi piyambakipun saged tresna kaliyan objek ingkang paling celak inggih menika awakipun piyambak. Ukuraning tresna tiyang kaliyan tiyang sanes inggih menika kados pundi tiyang menika tresna marang awakipun piyambak. Dados tresna dhiri pribadhi menika mboten saged ucul saking tresna kaliyan tiyang sanes. Raos tresna dhiri pribadhi menika nuwuhaken kapribaden gesangipun tiyang Jawi, miturut data tresna dhiri pribadhi nuwuhaken raos rila, ethok-ethok lan pekewuh.

1.) Rila

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresna dhiri pribadhi ingkang ngandhut raos rila kapanggihaken wonten 1 data, wujud saking tresna dhiri pribadhi ingkang ngandhut raos rila kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- r) Sawise pamitan wong mburi, aku budhal lunga karo Pitarta menyang pasar malem. **Dakseneng-senengake atiku, supaya ora kelingan seriking ati.** “Kelakon aku metu bengi iki nganggo klambi biru aing anyar!” sumaurku ing batin. Klakon metu gek mlaku-mlaku ing pasar malem, gandhengan karo priya! Kurang seneng kapa?! Sumber rada cemplang, nanging apa klirune? Sapa sing ngreti cemplange atiku? (*Katresnan kang Angker*, kaca 6)

Pethikan cariyos menika kedadosan nalika Meineni mboten siyos kesah kaliyan Abimanyu amargi Abimanyu mblenjani janji. Kangge mbucal raos gelanipun Meineni kesah kaliyan Pitarta wonten ing *pasar malem*. Tresna dhiri pribadhi wonten ing pethikan cariyos ing nginggil katitik ing ukara **“Dakseneng-senengake atiku, supaya ora kelingan seriking ati.”** ukara kasebut nuduhaken bilih Meineni badhe ngilangaken raos seriking ati, badhe damel remen manahipun kanthi cara kesah wonten pasar malem kaliyan Pitarta.

Sesambetan representasi katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika representasi katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika minangka cara kangge mungkasi konflik. Neni ingkang nembe nandhang seriking ati amargi Abimanyu ingkang mblenjani janji, badhe kesah sesarengan kaliyan Tamardikin lan Tanti wonten pista ananging mboten dugi, mila kengge mbucal raos seriking ati, Meineni pados karemenan inggih menika mlampah-mlampah wonten pasar malem kaliyan Pitarta.

Raos rila ingkang tuwuh amargi wontenipun *cinta diri sendiri* inggih menika nalika Meineni ingkang mboten siyos kesah kaliyan Abimanyu tiyang ingkang dipuntresnani. Rila bilih piyambakipun kesah kaliyan Pitarta, lan kangge mbucal raos

kuciwanipun Meineni nyobi ngremenaken manahipun piyambak kanthi kesah kaliyan Pitarta ing pasar malem.

2.) Ethok-ethok

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresna dhiri pribadhi ingkang ngandhut sipat ethok-ethok kapanggihaken wonten 1 data, wujud saking tresna dhiri pribadhi ingkang ngandhut sipat ethok-ethok kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- s) Aku menyat ganti klambi. Satemene rada seneng aku sore iku lunga jaritan, gek anggonku jaritan ora nggekeng kaya yen perlu nyang pista. **Aku salin klambi sutra kuning kembangane ijo. Gelunganku, rambut palsu, dakbenakake. Sandhalku dakganti klompen geulis, banjur njupuk rimong ijo tuwa. Wah, ora bisa mlaku aku, kudu kesrimpet wae. Nanging mongkoting ati natagake anggonku njangkah.** (*Katresnan kang Angker*, kaca 38)

Pethikan cariyos ing nginggil kadadosan nalika Meineni pikantuk uleman manten saking Tanti lan Tamardikin, Neni macak, jaritan, ngangge rasukan sutra lan gelungan rambut palsu. Tresna dhiri pribadhi wonten ing pethikan cariyos ing nginggil katitik ing ukara **“Aku salin klambi sutra kuning kembangane ijo. Gelunganku, rambut palsu, dakbenakake. Sandhalku dakganti klompen geulis, banjur njupuk rimong ijo tuwa. Wah, ora bisa mlaku aku, kudu kesrimpet wae. Nanging mongkoting ati natagake anggonku njangkah.”** ing ukara kasebut nuduhaken bilih Meineni ngupaya supados piyambakipun katon sampurna, Meineni ugi ngraos mongkog kaliyan awakipun piyambak.

Sesambetan *representasi* katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika *representasi* katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika mungkasi konflik batin Meineni, ing adicara mantenani Tamardikin kaliyan Tanti, Meineni kedah ketinggal sae, mila Meineni dandan ayu lan ngginakaken rasukan ingkang sae ugi, sinaosa amargi rasukanipun, anggenipun mlampah Meineni tansah kesrimpet, ananging raos mogkog kaliyan awakipun piyambak menika natagaken lampahipun Meineni.

Solah bawa ethok-ethok ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna dhiri pribadhi inggih menika nalika Meineni dandan kangge adicara mantenaniipun Tamardikin kaliyan Tanti. Temtu wonten adicara pista sedaya tiyang setri kapengin ketinggal sampurna, ngginakaken sedaya ingkang sarwa sae, mekaten ugi kaliyan Meineni, sinaosa sinaosa amargi rasukanipun, Meineni mboten saged mlampah lan tansah kesrimpet, ananging Meineni ethok-ethok saged mlampah kanthi sae, mogkogipun manah natagaken anggenipun Meineni mlampah.

3.) Pekewuh

Ing novel Tresna kang Angker, wujud saking tresna dhiri pribadhi ingkang ngandhut raos pekewuh kapanggihaken wonten 1 data, wujud saking tresna dhiri pribadhi ingkang ngandhut raos pekewuh kaandharaken wonten pethikan ing ngandhap.

- t) Aku mlayu mlebu ngomah. **Menyang ngarep pengilon, mbenakake rambut, dakelus jungkatanku, pupuran, dandan. Ah, isih kurang apik. Jarit dakwudhari, ganti jarit apik. Kebaya dakuculi, ganti kebaya**

pameran. Ah, aku kudu ketok ayu! Kelingan welinge sibu, ‘Yen isih legan dandan, iku ngajeni awakmu dhewe, yen kowe wis omah-omah, dandan iku ngajeni sing ngrengkuh kowe!’ (Katresnan kang Angker, kaca 81)

Pethikan cariyos menika kadadosan nalika Abimanyu dhateng wonten dalemipun Meineni. Ngertos bilih Abimanyu ingkang dugi, Meinei banjur dandan kaliyan gantos rasukan ingkang sae. Tresna dhiri pribadhi wonten ing pethikan cariyos ing nginggil katitik ing ukara **“Menyang ngarep pengilon, mbenakake rambut, dakelus jungkatanku, pupuran, dandan. Ah, isih kurang apik. Jarit dakwudhari, ganti jarit apik. Kebaya dakuculi, ganti kebaya pameran. Ah, aku kudu ketok ayu!”** Meineni kepengin katon sae, katon ayu wonten ngajengipun Abimanyu, mila Meineni lajeng dandan kaliyan gantos rasukan, miturut Meineni, menika salah satunggaling wujud kangge ngajeni garwanipun. Amargi rumiyin Ibunipun Meineni nate ngendika bilih menawi sampun gadah garwa dandan menika ngajeni tiyang ingkang ngrengkuh piyambakipun. Kejawi menika raos tresna Meineni kaliyan Abimanyu ingkang dereng ical kang damel Meineni kepengin katon sae lan ayu wonten ngajengipun Abimanyu.

Sesambetan *representasi* katresnan kaliyan konflik wonten ing novel inggih menika *representasi* katresnan ingkang dipungambaraken wonten ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika konflik batin paraga Meineni ingkang sarwa mboten kepeneran anggenipun dandan. Kedadosan kasebut amargi Abimanyu dhateng wonten dalemipun Meineni. Meineni kepingin ketinggal ayu ing ngajengipun Abimanyu, mila sarwa mboten kepeneran, jarit kang dipunagem

dipunwudhari dipungantos jarit ingkang sae, kebaya ugi dipunwudhari gantos kebaya pameran.

Raos pekewuh ingkang tuwuh amargi wontenipun tresna dhiri pribadhi inggih menika nalika Meineni karawuhan Tamu inggih menika Abimanyu tiyang ingkang nate dipuntresnani. Meineni lajeng dandan supados katon ayu. Meineni pekewuh menawi rasukanipun menapa wontenipun mila Meineni dandan amargi kemutan weling Ibu menawi sampun kagungan garwa dandan menika sami mawon ngajeni garwanipun.

2. **Sosioantropologi Sastra ing *Novel Katresnan kang Angker Anggitanipun Suparta Brata***

Kabudayan ing salebeting cariyos ingkang tuwuh amargi wontenipun katresnan ing *Novel Katresnan kang Angker Anggitanipun Suparta Brata* badhe kaandharaken wonten ing pirembagan ing ngandhap.

a) Wasiat

Kabudayan ingkang ngandharaken babagan wasiat wonten ing pethikan cariyos ing ngandhap:

Aku weruh tangan ing dhadhane Tanti obah. Banjur dakcekel. Tanganku digegem. Mripate banjur nyawang Tamar. Drijine obah-obah maneh. Dakgoleki tangane Tamar, banjur dakkon nggepok tangane Tanti. Tanganku lan tangane Tamardikin banjur digegem Tanti, kaya critane buku *Layar Terkembang*, karangane Sutan Takdir Alisyahbana. **Tanganku lan tangane Tamardikin ginagem dadi siji, lan rinemet dening tangane Tanti.**n“Mas.

Neni iki cah becik. Nen, Mas Tamar iki wong becik. Ora nguciwani. Huh, huh, kowe wong loro kudu urip bebarengan, huh, huh!” (kaca 67)

Kabudayan wonten ing salebeting cariyos ingkang tuwuh amargi wontenipun raos tresna ing nginggil inggih menika wontenipun wasiat, wasiat kadadosan amargi wontenipun cinta persaudaraan ingkang dipunraosaken Tanti dhumateng Neni, ugi wontenipun cinta erotis ingkang dipunraosaken Tanti dening Tamardikin, wosipun wasiat kasebut inggih menika Tanti gadah panyuwunan supados Neni palakrama kaliyan Tamardikin, garwanipun Tanti, wasiat kasebut dipunaturaken Tanti amargi Tanti sampun badhe tilar donya, mila awit raos tresnanipun Tanti kaliyan tiyang kekalih wau, Tanti gadah panyuwunan kados mekaten. Temtu Tanti gadah panyuwunan mekaten, tanpa wonten jalaranipun, Tanti mangertos bilih Tamardikin, garwanipun menika tiyang ingkang sae lan langkung pantes dados garwanipun Neni menawi dipuntandingaken kaliyan Abimanyu tiyang ingkang dipuntresnani Neni. Miturut Tanti, Neni ugi wanita ingkang sae ugi, mila Tanti sarujuk menawi kakalihipun sami mbangun bale wisma.

Wasiat miturut Aris Munandar wonten ing www.konsultasisyariah.com inggih menika pitutur kangge tiyang ingkang rumaket, kadosta sedherek, kanca utawi putra, supados nindakaken kesaenan lan nebihi perkawis ingkang awon. Wasiat menika paring pesen ingkang wigati nalika tiyang menika badhe pisah saking tiyang ingkang nampi pesen kasebut, adatipun dipunparingaken nalika saderengipun seda utawi kesah tebih. Wasiat miturut pethikan cariyos ing nginggil inggih menika wasiat saking tiyang ingkang badhe tilar ndonya, Aris Munandar ugi ngandharaken bilih wasiat

menika wonten 2 jinisipun, ingkang sepisan wasiat kangge tiyang supados nindakaken piturur ingkang dipundhawuhaken tuladhanipun momongaken putranipun tiyang ingkang seda, mbangsulaken utang lan sanesipun. Kaping kalih wasiat ingkang arupa bandha ingkang dipunparingaken dening salah sawijining pihak, wasiat kasebut dipuntindakaken sasampunipun tiyang ingkang paring wasiat sampun tilar Donya.

Wasiat wonten ing budaya Jawi menika temtu tasih wonten *pengaruh* saking hukum agami. Miturut hukum islam, wasiat wajib dipuntindakaken, babagan wasiat kasebut kaandharaken wonten ing Qs Al-Baqarah ayat 180 ngandharaken bilih dipunwajibaken menawi wonten tiyang ingkang badhe seda, menawi nilaraken bandha, kaliyan paring wasiat dhumateng sedherekipun, menika kewajiban nindakaken kangge tiyang-tiyang ingkang taqwa. Kejawi wasiat material arupi bandha wonten ugi wasiat non material arupi pitutur ingkang kedah dipuntindakaken, ananging wasiat non material menika wasiat ingkang mboten wonten *unsur maksiat*.

Tiyang Jawi babagan wasiat ugi ninggali kados pundi hukum agami ing Jawi. Miturut tiyang Jawi, wasiat saking tiyang ingkang badhe seda menika kedah dipuntindakaken supados arwahipun tiyang ingkang paring wasiat rumaos tentrem ing alam sanes. Sinaosa wonten kabudayan Jawi mboten wonten paugeran ingkang gumathok, ananging tiyang Jawi kedah nindakaken wasiat saking tiyang ingkang sampun seda kasebut. Mila sinaosa Neni mboten tresna kaliyan Tamardikin, Neni ngugemi wasiat Tanti kanca raketipun.

b) Pamitan

Pethikan cariyos ingkang ngandharaken babagan kabudayan Pamitan wonten ing pethikan cariyos ing ngandhap inggih menika

Sawise pamitan wong mburi, aku budhal lunga karo Pitarta menyang pasar malem. Dakseneng-senengake atiku, supaya ora kelingan seriking ati. “Kelakon aku metu bengi iki nganggo klambi biru sing anyar!” sumaurku ing batin. Klakon metu gek mlaku-mlaku ing pasar malem, gandhengan karo priya! Kurang seneng kapa?! Sumber rada cemplang, nanging apa klirune? Sapa sing ngreti cemplange atiku? (kaca 6)

Kabudayan wonten ing salebeting cariyos ingkang tuwuh amargi wontenipun raos cinta keibuan ing nginggil inggih menika wontenipun budaya pamit. Pethikan cariyos menika kadadosan nalika Neni kaliyan Pitarta badhe kesah wonten ing pasar malem. Kabudayan menika saget tuwuh amargi Neni ngormati dening tiyang sepuhipun.

Budaya pamitan menika wonten sesambetanipun kaliyan unggah ungguh solah bawa ing masarakat Jawi, unggah ungguh menika dipundadosaken pandom dening masarakat Jawi kangge sesrawungan. Salah sawijining kabudayan ingkang tasih dipunuri-uri dening masarakat Jawi inggih menika budaya pamitan. Wonten ing kabudayan Jawi, putra menawi badhe kesah tata kramanipun kedah pamit langkung rumiyin. Ancasipun pamitan inggih menika nyuwun idin lan restu bilih badhe kesah, ugi supados mboten kadadosan prastawa ingkang awon. Kanthi pamitan menika ugi damel tiyang sepuh utawi sedherek mboten *khawatir* awit kesahipun putranipun. Adatipun menawi pamitan kanthi salaman.

c) Tulung Tinulung

Pethikan cariyos ingkang ngandharaken babagan kabudayan tulung tinulung wonten ing pethikan cariyos ing ngandhap inggih menika:

“Kuwi karcis ngendi, ta?” Pitakonku nggugung atine Tamardikin.

“Bioskop Wijaya.”

“Yawis, kene, dak gentenane. Nanging rega ezet, ezet, lho ya?”

“Kowe ki piye, ta, Nen? Dijak ora gelem saiki karcis arep kokgenteni?”

“Dudu kanggo aku dhewe, kok. Kagem bapak karo ibu. Wingi padha arep mirsani nanging ora keduman karcis. Lha saiki tinimbang kowe gela wis kebacut tuku karcis ora kok enggo kanthi tentrem, kene dakgentenane, idhep-idhep nulungi bapak. Rak kepenak, ta, ngono? Kowe ora kelangan lan berjasa marang wong tuwaku.” (kaca 27)

Kabudayan wonten ing salebeting cariyos ingkang tuwuh amargi wontenipun raos *cinta persaudaraan* ing nginggil inggih menika wontenipun budaya tulung tinulung, tulung tinulung ingkang kadadosn ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika nalika Meineni tumbas tiket bioskop kagunganipun Tamardikin, tiket menika dipuntumbas Meineni amargi tiket kasebut mboten sios kaagem, Tanti ingkang dipunajak Tamardikin mirsani Bioskop mboten kersa. Mila kangge mbucal raos kuciwanipun Tamardikin, Meineni numbas karcis kasebut, kejawi menika ugi mbiyantu Tamardikinn ingkang artanipun pas-pasan.

Wonten ing masarakat Jawi tulung tinulung menika sampun limrah dipuntindakaken dening masarakat Jawi. Tiyang ingkang nindakaken tulung tinulung menika amargi wontenipun raos *empati* sahingga gadah pepenginan kangge nggenthengaken pakaryan ingkang dipuntindakaken tiyang sanes. Budaya tulung tinulung ing masarakat Jawi wonten ugi kang sinebat sambatan, kaliyan rewang,

sambatan menika adatipun tulung tinulung ingkang arupi pakaryan ndamel griya, wonten ing Jawi, bilih wonten sedherek utawi tetangga ingkang damel griya utawi ndandosi griya, masarakat sakiwa tengenipun sami mbiyantu kanthi lila legawa. Menawi tilung tinulung kang dipunsebat rewang menika dipuntindakaken ing pakaryan tiyang ingkang nembe *hajatan* kados manten, sunatan, ugi nalika wonten tiyang ingkang seda, kang ditindakaken inggih menika mbiyantu olah-olah, ugi mbiyantu samaptakaken menapa kemawon ingkang dipunbetahaken ing adicara hajatan. Tiyang ingkang nindakaken tulung tinulung menika, mbiyantu kanthi ikhlas tanpa dipundhawuhi langkung rumiyin, ancasipun tulung tinulung menika supados para warga tansah guyup rukun ugi saged ngraketaken pasedherekan para ing masarakat Jawi.

d) Nyuwun Pangapunten

Pethikan cariyos ingkang ngandharaken babagan kabudayan nyuwun pangapunten wonten ing pethikan cariyos ing ngandhap inggih menika:

Aku lali tembung apa kang dakucapake marang Pitarta. Aku lali piye tingkahku nalika lunga nggeblas saka panggonan cilaka iku. Aku mung kelingan sawise metu saka gapurane pasar malem, mlaku ngoncog dikinthal Pitarta marani becak! Aku ngabani becak kanthi sora, banjur nyengklak lungguh ing becak.

“ Apa salahku, ta, Yu? Apa salahe Reti? Piye ta, iki mau? Apa sebabe Yu Neni duka nyentak-nyentak aku? Aku nyuwun ngapura tenan, Yu, dene aku ora ngrewes marang Yu neni. Nanging satemene dakrewes, Yu. Aku ora duwe seja nyepelekake Yu Neni...!” mengkono lan embuh piye maneh tuture Pitarta ngerih-erih aku nalika ana ing becak. (kaca 9)

Kabudayan wonten ing salebeting cariyos ingkang tuwuh amargi wontenipun raos *cinta persaudaraan* ing nginggil inggih menika wontenipun budaya nyuwun pangapunten, kabudayan ingkang kadadosan ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika nalika ing pasa malem Neni ngertos-ngertos kesah tanpa kumecap menapa-napa, Pitarta rumaos lepat amargi miturut Pitarta, solah bawa Meineni menika jalaran Pitarta wicantenan kaliyan tiyang setri sanes. Mila Pitarta nyuwun pangapunten kaliyan Meineni amargi wau mboten *ngrewes* Meineni nalika wicantenan kaliyan tiyang sanes.

Sampun limrah bilih tiyang ingkang lepat menika nyuwun pangapunten, wonten budaya Jawi babagan menika ugi tansah dipunuri-uri dening masarakat Jawi. Miturut Endang Sri Maruti (2016:53) ngandharaken bilih nyuwun pangapunten menika adatipun dipuntindakaken dening tiyang ingkang nindakaken kalepatan. Wonten ing masarakat Jawi, nyuwun pangapunten asring dipuntindakaken langkung rumiyan sinnaosa ingkang dipuntindakaken mboten lepat. Sipatipun tiyang Jawi ingkang sarwa pekewuh menika andamel tiyang Jawi gampil ngraos lepat, sinaosa sejatosipun mboten lepat.

e) Sapa Aruh

Pethikan cariyos ingkang ngandharaken babagan kabudayan sapa aruh wonten ing pethikan cariyos ing ngandhap inggih menika:

“Gumun aku. Wong disapa Kenya kaya ngana sulistyane kok tanggapanmu anyep wae! Nanging aku wis tau weruh Kenya kuwi mau kok, Dhik Pit. Tenan. Ana ngendi ya? Sekolah apa ta, dheweke?”

“Yen dakkandhani blaka, Yu Neni mengko mesthi nesu.”

“Aku? Nesu? Lha ngapa kok nesu?”

“Tenan? Ora nesu?”

“Mesthi kok ngono! Aku apa tau kandha ora tenan? Aku apa wis tau nesoni kowe ta, Dhik Pit?”

“Yu Neni wis tau pirsana pasar malem!”

“Oh! Anu, sik, sik, Reti jenenge, iya? O, kelingan aku. Kena apa aku mau ora kok elingake yen aku uga wis tepung?. Wah, kae mau mesthi nganggep aku anggak. Kowe mau Dhik Pit, ora gelem ngelingake. Gela aku!”

“Aku kuatir Yu Neni terus ngambul, terus njaluk mulih tanpa prekara kaya dhek biyen kae. Dhek ana ing pasar malem kae.”

(kaca 32)

Kabudayan wonten ing salebeting cariyos ingkang tuwuh amargi wontenipun raos *cinta persaudaraan* ing nginggil inggih menika wontenipun budaya sapa aruh, kabudayan ingkang kadadosn ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika nalika wonten ing bioskop Pitarta dipunsapa dening tiyang setri, ananging Pitarta namung mendel kemawon, Pitarta mendel amargi ajrih menawi Meineni samangke duka.

Sapa aruh utawi ngeruhi menika salah sawijiining kabudayan Jawi ingkang dumugi sakmenika tasih kathah tiyang ingkang nindakaken sapa aruh kasebut. Sapa aruh dipuntindakaken nalika mlampah inng sangajengipun tiyang sanes, adatipun sapa aruh ing masarakat Jawi menika ngginakaken basa ingkang alus ugi sopan, tetembungan ingkang dipunginakaken inggih menika: manga, nuwun sewu, sarta nderek langkung. Sapa aruh ugi dipuntindakaken nalika kepanggih kaliyan tiyang ingkang sampun dipuntepang, adatipun dipunwiwiti kanthi jawat asta langkung rumiyan dipunlajengaken sami nyuwun pirsana kabar, pawartanipun.

Sapa aruh ing masarakat Jawi dipuntindakaken ugi kanthi cara mboten ngginakaken basa, ananging cekap ndungkluk kaliyan mesen, cara kasebut

dipuntindakaken amargi kawontenan tiyang ingkang badhe sapa aruh kaliyan tiyang inking dipunsapa, adatipun dipuntindakaken dening tiyang ingkang nembe nitih sepeda.

f) Nuweni

Pethikan cariyos ingkang ngandharaken babagan kabudayan nuweni/ tilik wonten ing pethikan cariyos ing ngandhap inggih menika:

Seminggu tutuge atiku jempalikan terus. Batinku pecah dadi loro, separo ngrewangi katrerangane mitra-mitra, separo mantep nuhoni batinku kang lawas. Karo-karone padha kuwate. Nalika seminggu wis tutug meksa durung ana kawusanane kalah menang, **Tanti karo Tamardikin teka tilik aku, menehi oleh-oleh, takon-takon prekaraku karo Abimanyu, lan menehi kekuwatan anyar ing batinku kang sesisih sarana pitutur-pitutur lan conto-conto.** (kaca 64)

Kabudayan wonten ing salebeting cariyos ingkang tuwuh amargi wontenipun raos *cinta persaudaraan* ing nginggil inggih menika wontenipun budaya tuwe, budaya nuweni tiyang sanes ingkang kadadosn ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika nalika Tanti kaliyan Tamardikin nuweni Meineni ingkang mboten sekeca manahipun amargi mireng bilih Abimanyu tiyang ingkang dipuntresnani nindakaken pedamelan ingkang mboten sae. Tanti kaliyan Tamardikin nuweni Meineni ancasipun supados Meineni kiyat nampi kasunyatan kasebut.

Kebudayaan nuweni ingkang dipuntindakaken tiyang Jawi mboten namung nuweni tiyang ingkang nembe gerah, ananging ugi tiyang ingkang nandhang susah kados kenging musibah lan sanesipun, nuweni tiyang ingkang nembe nandhang

kabagyan ugi dipuntindakaken dening tiyang Jawi, kadosta ingkang bibar kagungan putra. Nalika nuweni masarakat Jawi adatipun mbeta cangkingan, cangkingan menika saget arupi dedhaharan, buah lan wonten ugi ingkang maringi arta.s

g) Mertamu

Pethikan cariyos ingkang ngandharaken babagan kabudayan mertamu wonten ing pethikan cariyos ing ngandhap inggih menika:

“Iki mau saka omahe Reti, aku enggal-enggal menyang omahmu, luwih banter playuku mrengs tinimbang anggonku mara ing omahe Reti. Aku menyang nggone Reti mung perlu ngluwari ujar takon wangsulane marga iku dadi kewajibanku akibat saka ketrucut tembungku biyen. Aku teka mrana kaya rekening looper nagih dhuwit lengganan koran apa listrik. Nanging aku mlayu menyang panggonanmu kayadene priya selak ketemu kekasihe. Ibu ngendika kowe wis kawin, wis duwe anak, lan alamatmu kene. **Nalika mlebu ing plataran omah lojimu kana, aku iki wong urip kayungyun tresna, omahmu kaya taman kembang kang sarwa wangi, nalika metu saka omahmu kana aku iki mung badan wadhag kang dilakokake dening mesin.**”

Aku meneng wae. Atiku remuk. Gela, getun, eman. Ah, upama urip iki kena dibaleni, saiba enake! Upama Tanti biyen ora ketabrak motor! (kaca 86)

Kabudayan wonten ing salebeting cariyos ingkang tuwuh amargi wontenipun raos *cinta erotis* ing nginggil inggih menika wontenipun budaya mertamu, mertamu ingkang kadadosn ing pethikan cariyos ing nginggil inggih menika nalika Abimanyu wangsul saking *luar negeri*, Abimanyu sowan wonten dalemipun Meineni, Abimanyu badhe blaka kaliyan Meineni babagan raos tresnanipun.

Kabudayan mertamu inggih punika dugi wonten ing dalemipun tiyang, saget ingkang sampun dipuntepang utawi dereng dipuntepang. Wonten ing masarakat Jawa wonten tata kramanipun menawi badhe mertamu, tiyang ingkang mertamu kedah nggatosaken wekdal, mboten dipunparengaken mertamu nalika wekdalipun ngaso. Anggenipun mertamu saenipun ngginakaken rasukan ingkang sopan. Menawi dugi wonten ing dalemipun tiyang ndodok lawang ugi ngaturaken salam langkung rumiyin, nembe matur menapa ancas rawuhipun. Tiyang ingkang mertamu ugi kedah ngormati tiyang ingkang gadah griya, menawi dipunparingi dhaharan, langkung saenipun dipundhahar supados mboten damel kuciwa ingkang kagungan griya. Paugeran-paugeran kasebut samenika tasih dipuncakaken wonten ing kabudayan Jawi.